

**BEDANIPUN METODE MAKE A MATCH SAHA PICTURE AND PICTURE  
TUMRAP KAPRIGELAN MAOS WAOSAN SENERAT MAWI  
AKSARA JAWA SISWA KELAS VIII SMP N 3 GODEAN**

***SKRIPSI***

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Minangka Jejangkeping Pandadaran  
*Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan*



Dening

Tri Wisnu Handoyo  
NIM 09205244073

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2014**

## PASARUJUKAN

*Skripsi* kanthi irah-irahan *Bedanipun Metode Make a Match saha Picture and Picture* tumrap Kaprigelan Maos Waosan Sinerat mawi Aksara Jawa Siswa Kelas VIII SMP N 3 Godean menika sampun angsal palilah saking *Dosen Pembimbing* supados dipunujukaken ing pandadaran.



Ingang nyarujuki

Yogyakarta, 22 Desember 2014

*Pembimbing I*

A handwritten signature in black ink, appearing to be 'Hesti Mulyani'.

Hesti Mulyani, M.Hum.  
NIP 19610313 198811 2 002

*Pembimbing II*

A handwritten signature in black ink, appearing to be 'Nurhidayati'.

Nurhidayati, M.Hum.  
NIP 19780610 200112 2 002

## PANGESAHAN

*Skripsi* kanthi irah-irahan *Bedanipun Metode Make a Match saha Picture and Picture* tumrap Kaprigelan Maos Waosan Sinerat mawi Aksara Jawa Siswa Kelas VIII SMP N 3 Godean menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing surya kaping 2 Januari 2015 saha dipuntetepaken lulus.

Nama	Jabatan	Tapakasma	Surya Kaping
Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		16/1 2015
Nurhidayati, M.Hum.	Sekretaris Penguji		14/1-2015
Prof. Dr. Suwarna, M.Pd.	Penguji I		13/1 2015
Hesti Mulyani, M.Hum.	Penguji II		16/1 2015

Yogyakarta, Januari 2015

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP.19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula

**Nama** : **Tri Wisnu Handoyo**

**NIM** : **09205244073**

**Program Studi** : **Pendidikan Bahasa Jawa**

**Fakultas** : **Fakultas Bahasa dan Seni UNY**

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika seratan kula piyambak. Samangretos kula, *karya ilmiah* menika wosipun boten kaserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar cara saha *etika* nyerat *karya ilmiah*.

Seratan wonten wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggul jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 22 Desember 2014  
Panyerat,



Tri Wisnu Handoyo  
NIM 09205244073



## **SESANTI**

*"Metode lebih penting daripada materi, guru lebih penting daripada metode, dan jiwa guru lebih penting daripada guru itu sendiri" (Ingewati: 2014)*

## **PISUNGSUNG**

Linambaran pamuji syukur dhumateng ngarsanipun Gusti Inkgang Maha Agung Allah swt, *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula Bapak Pujo Hartoyo saha Ibu Sutarti ingkang sampun nggulawenthah kanthi katoging tenaga, beya, saha sih katresnan.

## PRAWACANA

Panyerat munjukakaken puja-puji syukur Alhamdulillah dhumateng ngarsanipun Allah Swt ingkang sampun paring mapinten-pinten kasarasan, kabegjan, saha kabagyan, saengga skripsi kanthi irah-irahan Bedanipun *Metode Make a Match* saha *Picture and Picture* tumrap Kaprigelan Maos Waosan Sinerat mawi Aksara Jawa Siswa Kelas VIII SMP N 3 Godean menika saged maujud kanthi nir ing sambekala. Panyerating *skripsi* menika saged maujud inggih awit wontenipun panyengkuyung saking mapinten-pinten pihak. Ing kalodhangan menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M.Pd., M.A. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula sinau wonten ing Universitas Negeri Yogyakarta;
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idi saha pangesahaning skripsi menika dipunujukaken;
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum. minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi nindakaken panaliten menika;
4. Ibu Hesti Mulyani, M.Hum. minangka *dosen pembimbing I* ingkang sampun kersa paring bimbingan, piwulang, saha pandonga;
5. Ibu Nurhidayati, M.Hum. minangka *dosen pembimbing II* ingkang sampun tlatos anggenipun nuntun saha pandonga;
6. Bapak Afendy Widayat, M.Phil. minangka *pembimbing akademik* ingkang sampun paring kawruh bab *mata kuliah* wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program studi Pendidikan Bahasa Jawa;
7. Bapak-Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring mawarni-warni kawruh, piwulang, miwah panjurung prayogi dhateng panyerat;
8. *Staf* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu *administrasi perkuliahan*;

9. Bapak Drs. Thomas Dwi Herusantoso, M.Pd. minangka Kepala Sekolah SMP N 3 Godean saha Ibu Rr. Sri Setya Harjani, S.Pd. ingkang sampun paring idi saha pambiyantunipun gayut kaliyan panaliten menika;
10. Tiyang sepuh kekalih kula ingkang sanget kula tresnani;
11. Mas Sugio Ikhsan Setiyadi S.E., Mbak Khusnul Khotimah, S.Pd., ingkang sampun suka panjurung, pandonga, saha beya dhateng panyerat, saengga *karya ilmiah* menika saged maujud;
12. Kanca-kanca kelas H - 2009 ingkang sampun suka panjurung anggen kula nyerat *skripsi* menika;
13. Rizqi Dwi Oktaviani, S.Pd., Sutrisno Siswoyo, S.Pd., Wahyu Aji, S.Pd., Anton Novi Widayanto, Diyah Ayu Lestari ingkang sampun purun dados kanca wawan rembugipun panyerat, pambiyantu, saha panjurungipun dhateng panyerat;
14. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah saha pihak ingkang boten saged kula sebutaken sadaya ingkang sampun paring pambiyantu, pandonga, saha panjurung dhateng panyerat saengga *skripsi* menika saged maujud.

Panyerat ngrumaosi bilih *skripsi* menika dereng saged kawastanan sae, jangkep menapa dene sampurna. Pramila saking menika, sadaya panyaruwe menapa dene pamrayogi ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning *skripsi* menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana, sinaosa dereng sampurna, nanging panyerat saestu angajeng-ajeng mugu-mugu *skripsi* menika saged murakabi, *Amin*.

Yogyakarta, 22 Desember 2014



Tri Wisnu Handoyo

## PRATELAN ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN .....	i
PASARUJUKAN .....	ii
PANGESAHAN .....	iii
WEDHARAN .....	vi
SESANTI .....	v
PISUNGSUNG .....	vi
PRAWACANA .....	vii
PRATELAN ISI .....	ix
PRATELAN GAMBAR .....	xiii
PRATELAN <i>TABEL</i> .....	xiv
PRATELAN LAMPIRAN .....	xvi
SARINING PANALITEN .....	xvi
BAB I PURWAKA .....	1
A. Dhasaring Panaliten .....	1
B. Underaning Prakawis .....	5
C. Watesaning Prakawis .....	5
D. Wosing Prakawis .....	6
E. Ancasing Panaliten .....	6
F. Paedahing Panaliten .....	7
G. Pangretosan ingkang Gegayutan kaliyan Irah-irahan .....	8
BAB II GEGARAN <i>TEORI</i> .....	10
A. Andharaning <i>Teori</i> .....	10
1. Pangretosan Sinau .....	10
2. Pangretosan Maos .....	11
3. Ancasing Maos .....	12
4. Jinising Maos .....	13
a. Maos <i>Teknik</i> .....	14
b. Maos <i>Cepet</i> .....	14
c. Maos <i>Kritis</i> .....	14

d. Maos Endah .....	15
	Kaca
5. Pangretosan <i>Kemampuan Memahami Bacaan</i> .....	16
6. <i>Metode Pasinaon</i> .....	18
a. <i>Metode Make A Match</i> .....	18
b. <i>Metode Picture and Picture</i> .....	21
7. Aksara Jawa.....	25
a. Pangretosan Aksara Jawa .....	25
b. Aksara Legena saha Pasanganipun.....	26
c. Sandhangan Aksara Jawa .....	26
d. Angka Jawa.....	29
e. Pangangenipun Tandha Pamaos Salebeting Panyerating Aksara Jawa.....	29
B. Panaliten Inggang Jumbuh .....	30
C. Nalaring Pikir .....	32
D. <i>Hipotesis</i> .....	33
BAB III CARA PANALITEN .....	34
A. <i>Desain</i> Panaliten .....	34
B. <i>Variabel</i> Panaliten .....	35
C. Pangretosan <i>Operasional Variabel</i> .....	35
D. <i>Populasi</i> saha <i>Sampel</i> .....	36
E. Papan saha Wekdal Panaliten .....	37
F. <i>Prosedur</i> Panaliten.....	38
1. <i>Pangukuran</i> saderengipun <i>Eksperimen</i> .....	38
2. <i>Pelaksanaan</i> <i>Eksperimen</i> .....	38
3. <i>Pengukuran</i> sasampunipun <i>Eksperimen</i> .....	40
G. Cara Ngempalaken <i>Data</i> .....	41
H. <i>Instrumen</i> Panaliten.....	41
I. <i>Uji Coba Instrumen</i> .....	41
1. <i>Uji Validitas Instrumen</i> .....	42
2. <i>Uji Reliabilitas Instrumen</i> .....	43



J. Cara Menganalisis Data.....	44
a. Uji Normalitas sebaran .....	44
b. Uji Homogenitas varians.....	45
c. Uji-T.....	45
K. Hipotesis Statistik .....	46
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN .....	47
A. Deskripsi Panaliten .....	47
1. Metode Make a Match .....	48
2. Metode Picture and Picture .....	50
B. Asiling Panaliten .....	51
1. Uji Prasyarat Analisis .....	51
a. Uji Normalitas Sebaran Data .....	52
b. Uji Homogenitas Varians .....	53
2. Deskripsi Data Panaliten .....	54
a. Deskripsi Data Skor saha Biji Pre-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture .....	55
1) Data Skor saha Biji Pre-test Kelompok Metode Make a Match .....	57
2) Data Skor saha Biji Pre-test Kelompok Metode Picture and Picture.....	60
b. Deskripsi Data Skor saha Biji Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture .....	62
1) Data Skor saha Biji Post-test Kelompok Make a Match.....	65
2) Data Skor saha Biji Post-test Kelompok Picture and Picture .....	67
3. Analisis Data .....	70
a. Uji-t Data Pre-test Kelompok Metode Make a Match saha Pre-test Kelompok Metode Picture and Picture .....	70
b. Uji-t Biji Pre-test saha Post-test Kelompok Metode Make a Match.....	71

c. <i>Uji-t Biji Pre-test saha Post-test Kelompok Metode Picture and Picture</i> .....	72
d. <i>Uji-t Data Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture</i> .....	73
4. <i>Asiling Uji Hipotesis</i> .....	74
a. <i>Asiling Uji Hipotesis ingkang Sapisan</i> .....	74
b. <i>Asiling Uji hipotesi ingkang Kaping Kalih</i> .....	75
C. <i>Pirembagan Asiling Panaliten</i> .....	76
1. <i>Bedanipun Kaprigelan Maos Waosan Sinerat mawi Aksara Jawa antawisipun Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Picture and Picture</i> .....	76
2. <i>Keefektifitas Metode Make a Match saha Metode Picture and Picture tumrap Kaprigelan Maos Waosan mawi Aksara Jawa</i> .....	79
D. <i>Kakirangan Panaliten</i> .....	80
BAB V PANUTUP .....	81
A. <i>Dudutan</i> .....	81
B. <i>Implikasi</i> .....	82
C. <i>Pamrayogi</i> .....	82
KAPUSTAKAN .....	84
LAMPIRAN .....	86

## PRATELAN GAMBAR

	Kaca
Gambar 1: Tuladha Kertu <i>Make a Match</i> .....	20
Gambar 2: Tuladha <i>Media Picture and Picture</i> .....	23
Gambar 3: <i>Histogram Distribusi Frekuensi Skor Pre-test Kelompok Metode Make a Match</i> .....	58
Gambar 4: <i>Histogram Distribusi Frekuensi Biji Pre-test Kelompok Metode Make a Match</i> .....	59
Gambar 5: <i>Histogram Distribusi Frekuensi Skor Pre-test Kelompok Metode Picture and Picture</i> .....	61
Gambar 6: <i>Histogram Distribusi Frekuensi Skor Pre-test Kelompok Metode Picture and Picture</i> .....	62
Gambar 7: <i>Histogram Distribusi Frekuensi Skor Post-test Kelompok Metode Make a Match</i> .....	66
Gambar 8: <i>Histogram Distribusi Frekuensi Biji Post-test Kelompok Metode Make a Match</i> .....	67
Gambar 9: <i>Histogram Distribusi Frekuensi Skor Post-test Kelompok Metode Picture and Picture</i> .....	68
Gambar 10: <i>Histogram Distribusi Frekuensi Biji Post-test Kelompok Metode Picture and Picture</i> .....	68

## PRATELAN TABEL

Kaca

<i>Tabel 1: Aksara Jawa saha Pasanganipun.....</i>	25
<i>Tabel 2: Angka Jawa.....</i>	29
<i>Tabel 3: Desain panaliten One-Group Pre-test-Post-test .....</i>	34
<i>Tabel 4: Jadwal Anggenipun Mendhet Data .....</i>	37
<i>Tabel 5: Asiling Uji Normalitas.....</i>	52
<i>Tabel 6: Asil Uji Homogenitas .....</i>	54
<i>Tabel 7: Asil Data Statistik Skor Pre-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture .....</i>	55
<i>Tabel 8: Data Skor saha Biji Pre-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture .....</i>	56
<i>Tabel 9: Asil Data Biji Pre-test Kelompok Metode Make a match saha Kelompok Metode Picture and Picture.....</i>	57
<i>Tabel 10: Distribusi Frekuensi Skor Pre-test Kelompok Metode Make a match .....</i>	58
<i>Tabel 11: Distribusi Frekuensi Biji Pre-test Kelompok Metode Make a match .....</i>	59
<i>Tabel 12: Deskripsi Distribusi Frekuensi Skor Pre-test Kelompok Metode Pictur and Picture .....</i>	60
<i>Tabel 13: Deskripsi Distribusi Frekuensi Biji Pre-test Kelompok Metode Picture and Picture .....</i>	61
<i>Tabel 14: Asil Data Statistik Skor Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture .....</i>	63
<i>Tabel 15: Data Skor saha Biji Post-test Kelompok Metode Make a match saha Kelompok Metode Picture and Picture .....</i>	63
<i>Tabel 16: Asil Data Biji Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture .....</i>	64
<i>Tabel 17: Distribusi Frekuensi Skor Post-test Kelompok Metode Make a Match.....</i>	65
<i>Tabel 18: Distribusi Frekuensi Biji Post-test Kelompok Metode Make a Match .....</i>	66
<i>Tabel 19: Deskripsi Frekuensi Skor Post-test Kelompok Metode Picture and Picture .....</i>	68

<i>Tabel 20: Deskripsi Frekuensi Biji Post-test Kelompok Metode Picture and Picture .....</i>	<i>69</i>
<i>Tabel 21: Asil Uji-t Biji Pre-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture .....</i>	<i>71</i>
<i>Tabel 22: Uji-t Biji Pre-test saha Post-test Kelompok Metode Make a Match.....</i>	<i>72</i>
<i>Tabel 23: Uji-t Biji Pre-test saha Post-test Kelompok Metode Picture and Picture .</i>	<i>72</i>
<i>Tabel 24: Asil Uji-t Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture .....</i>	<i>73</i>
<i>Tabel 25: Asil Uji-t Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture .....</i>	<i>74</i>
<i>Tabel 26: Uji-t Biji Pre-test saha Post-test Kelompok Metode Make a Match.....</i>	<i>75</i>

## PRATELAN LAMPIRAN

	Kaca
<i>Lampiran 1 : Validitas saha Reliabilitas Instrumen</i> .....	85
<i>Lampiran 2 : Distribusi Frekuensi</i> .....	92
<i>Lampiran 3 : Uji Prasyarat Analisis</i> .....	101
<i>Lampiran 4 : Uji-t</i> .....	112
<i>Lampiran 5 : Data Nama Siswa</i> .....	117
<i>Lampiran 6 : Kriteria Penilaian</i> .....	120
<i>Lampiran 7 : Instrumen Panaliten</i> .....	122
<i>Lampiran 8 : Tuladha Garapan Siswa</i> .....	206
<i>Lampiran 9 : Dokumentasi</i> .....	221
<i>Lampiran 10 : Serat Ijin Panaliten</i> .....	225



**BEDANIPUN METODE MAKE A MATCH SAHA PICTURE AND PICTURE  
TUMRAP KAPRIGELAN MAOS WAOSAN SINERAT MAWI  
AKSARA JAWA SISWA KELAS VIII SMP N 3 GODEAN**

**Dening Tri Wisnu Handoyo  
NIM 09205244073**

**SARINING PANALITEN**

Ancasipun panaliten menika kangge mangretosi bedanipun *prestasi* sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ngginakaken *metode make a match* kaliyan *metode picture and picture* tumrap kelas VIII SMP N 3 Godean saha kangge mangretosi *keefektifan metode make a match* saha *picture and picture* tumrap kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa tumrap siswa kelas VIII SMP N 3 Godean.

Panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten *eksperimen*. *Desain panaliten* menika ngginakaken *Desain Pre-test and Post-test Group*. *Variabel* ingkang dipunginakaken inggih menika panganggenipun *metode* pasinaon *make a match* saha *picture and picture*. Panaliten menika ngginakaken *sampling purposive*. Adhedhasar *teknik sampling purposive*, *sampel* panaliten menika kelas VIII A ngginakaken *metode make a match* saha kelas VIII F ingkang ngginakaken *metode picture and picture*. *Validitas instrumen* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas isi*. *Validitas* saha *reliabilitas* soal dipunetang ngginakaken *komputer program iteman*. *Teknik analisis data* dipuntindakaken ngginakaken *uji-t* kanthi *program komputer SPSS 16*.

Adhedhasar saking *analisis uji-t independent data post-test kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*, asiling *uji-t* biji *post-test* kapanggihaken angkanipun  $t_{hitung} = 2.477$ , mawi  $df = 60$ ,  $P = 0.016$ . Angkanipun  $P$  menika langkung alit saking *taraf signifikansi 5%*. Asiling *uji-t correlation data pre-test* saha *post-test kelompok metode make a match* kapanggihaken  $t_{hitung} = 9.105$  mawi  $df = 31$  saha  $P = 0.000$ . Asiling *uji-t correlation data pre-test* saha *post-test kelompok picture and picture* kapanggihaken  $t_{hitung} = 5.083$  mawi  $df = 29$  saha  $P = 0.000$ . Angkanipun  $P$  langkung alit tinimbang *taraf signifikansi 5%*. Adhedhasar *data* kasebut saged kadudut bilih wonten beda ingkang *signifikan* antawisipun siswa ingkang dipunwulang mawi *metode make a match* kaliyan siswa ingkang dipunwulangan mawi *metode picture and picture*. *Metode make a match* langkung *efektif* tinimbang *metode picture and picture* kangge sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa tumrap siswa kelas VIII SMP Negri 3 Godean.

# BAB I PURWAKA

## A. Dhasaring Panaliten

Basa Jawi menika salah satunggaling basa daerah, peranganing kabudayan bangsa ingkang prelu dipunlestantunaken. Basa Jawi menika salah satunggaling basa ingkang dipunwulangaken wonten ing pawiyatan SMP minangka *muatan lokal wajib*. Anggenipun mulangaken basa Jawi menika adhedhasar kaprigelaning basa. Wonten *kurikulum*, miturut Tarigan (2008:1), kaprigelan basa kaperang dados sakawan, inggih menika kaprigelan nyemak utawi mirengaken, kaprigelan micara, kaprigelan maos, saha kaprigelan nyerat.

Basa minangka sarana wulangan ingkang mbetahaken kaprigelan tumrap siswa kangge mangretosi menapa ingkang dados wosing wulangan ingkang dipunparingaken dening guru. Kaprigelan kangge mangretosi wosing katrangan ingkang dipunwulangaken kanthi seratan inggih menika kaprigelan maos. Kaprigelan maos wigatos dipunpahami dening siswa kangge mangretosi menapa kemawon ingkang dados ancasing pamulangan.

Lampahing pasinaon siswa ugi dipunpangaribawani dening wulanganipun guru. Tuladhanipun, nalika guru ngandharaken *materi* kanthi lesan (*ceramah*) dhateng siswa, ndadosaken lampahing pasinaonipun siswa langkung sakedhik. Para siswa namung mirengaken *materi* ingkang dipunandharaken dening guru. Para siswa sami nyerat *materi*-nipun, menika kemawon menawi guru ndhawuhi nyerat. Pramila amrih jangkep lampahing pasinaon, guru lajeng maringi pitakenan utawi maringi prakawis supados dipunudhari dening siswa. Lampah menika saged

ndadosaken siswa langkung *aktif*, kados dene wonten rembagan, pawicantenan ingkang dipunlampahi dening siswa-siswanipun.

Awit saking andharan kasebut, pramila prelunipun damel *rancangan pembelajaran* kangge ngindhakaken *keaktifan* siswa salebetipun pasinaon maos waosan sinerat mawi aksara Jawa. Guru kaangkah saged ngginakaken *metode* ingkang trep saha gumathok ingkang kajumbuhaken kaliyan kawontenan ingkang sayektosipun. *Metode pembelajaran kooperatif* ancasipun kangge nggampilaken guru nalika nindhakaken pamulangan. *Metode pembelajaran kooperatif* ingkang dipunginakaken kaangkah ndamel siswa langkung remen dhateng pamulangan, mliginipun pamulangan basa Jawi. Salah satunggaling *metode pembelajaran kooperatif* ingkang saged dipunginakaken ing pamulangan maos aksara Jawa inggih menika *metode make a match* saha *metode picture and picture*.

*Metode kooperatif make a match* menika salah satunggaling *metode* pasinaon ingkang dipunlampahi kanthi njumbuhaken antawisipun pitakenan kaliyan wangsulanipun. Salah satunggaling piguna ingkang monjo menawi *metode make a match* dipuncakaken menika makaten. Sapisan, saged ngindhakaken pasinaonipun siswa, kanthi cara *kognitif* menapa dene *fisik*. Kaping kalih, kalebet *metode* ingkang ngremenaken amargi anggenipun sinau kanthi dolanan. Kaping tiga, ngindhakaken pangretosanipun siswa dhateng *materi* pamulangan. Kaping sakawan, minangka sarana gladhenipun siswa nalika ngandharaken *materi* wonten ing ngajeng kelas. Kaping gangsal, langkung tumanja kangge ngladhi *kedisiplinan* siswa, supados langkung nengenaken wekdal kangge sinau.

*Metode pembelajaran kooperatif* sanesipun ingkang saged kaginakaken minangka *alternatif* pamulangan aksara Jawa, inggih menika *picture and picture*.

*Metode picture and picture* inggih menika salah satunggaling *metode* pasinaon ingkang ngginakaken pirantos gambar. Caranipun gambar-gambar kasebut dipunurutaken kanthi urutan ingkang jangkep saha *logis*. Rikala *metode pembelajaran* menika ngginakaken *media* gambar. Gambar-gambar menika mujudaken *media* ingkang wigatos. Pramila, saderengipun miwiti pasinaon, guru sampun nyamektakaken *kartu* ingkang wonten gambaripun kanthi ukuran panjangipun 10 cm, wiyaripun 10 cm, saha wonten tembung katerangan saking gambar-gambar menika ingkang ngginakaken aksara Jawa.

Aksara Jawa menika kalebet *materi* pamulangan ingkang taksih kirang ndudut kawigatosaning para siswa. Sanadyan nalika SD (*Sekolah Dasar*) sampun nate dipunwulangaken, nanging para siswa taksih awrat anggenipun nyinau bab aksara Jawa. Siswa rumaos dereng tepang saha taksih dereng mangretos warni-warnining aksara Jawa saha prabotipun. Prakawis-prakawis menika saged dipunmangretosi nalika gladhen, para siswa dereng saged anggenipun maos waosan ingkang sinerat mawi aksara Jawa.

Pamulangan basa Jawi siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Godean mliginipun bab maos aksara Jawa asilipun taksih nguciwani. Dereng sadaya siswa angsal biji ingkang nglangkungi *Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM)* ingkang sampun katemtokaken wonten ing pawiyatan. Saking 192 siswa taksih 35% ingkang *tuntas*, dene ingkang 65% taksih dereng *tuntas* sanadyan *KKM*-ipun namung 75.

Prakawis-prakawis ingkang njalari kasilipun pamulangan maos aksara Jawa kirang *maksimal* wonten ing SMP Negeri 3 Godean, menika wonten sababipun. Sapisan, siswa taksih kirang panjurung anggen nyinauni aksara Jawa. Kaping kalih, Siswa rumaos taksih awrat saha kirang panjurung anggenipun maos waosan sinerat

mawi aksara Jawa. Kaping tiga, kirangipun raos tresna saha pepenginan kangge nguri-uri kabudayan Jawi, amargi jaman samenika *teknologi* sampun majeng saengga siswa langkung remen nyinau kabudayan tiyang kilenan utawi ngamanca. Kaping sakawan, guru taksih ajeg ngginakaken *metode ceramah* saha *tanya Jawab*.

Bab sanesipun ingkang dados jalaran inggih menika wekdal kangge mulangaken aksara Jawa menika winates sanget, kamangka kangge mangretosi ngantos paham *kompetensi*, *penguasaan kompetensi* aksara Jawa menika mbetahaken wekdal ingkang dangu. Siswa kedah apal wujud saha namaning aksara Jawa, tuladhanipun aksara legena, aksara swara, aksara murda, sandhangan, pasangan, lan sapanunggalanipun. Para siswa ugi kedah paham saestu ngengingi paugeran nyerat sarta paugeran nalika maos seratan mawi aksara Jawa. Kasunyatanipun pamulangan aksara Jawa ing pawiyatan boten saged katampi kanthi *maksimal*, saengga *penguasaan kompetensi* maos aksara Jawa siswa ugi winates sanget.

Kirangipun sarana pamulangan basa Jawi ingkang *atraktif*, *interaktif*, saha *modern* ingkang saged nuwuhaken gregeting siswa kangge nyinau aksara Jawa. Kirangipun buku-buku waosan ingkang ngewrat *materi* aksara Jawa, kamangka buku gegaraning guru menika *materi-nipun* boten jumbuh kaliyan *kompetensi pelajaran-ipun*. *Kompetensi Dasar* ingkang kaserat wonten *kurikulum* dereng sadayanipun kaandharaken wonten pamulangan, pramila ndadosaken siswa kirang mahami *materi*.

Adhedhasar andharan ing nginggil, pramila panaliten kanthi irah-irahan “Bedanipun *Metode Make a Match* saha *Picture and Picture* tumrap Kaprigelan Maos Waosan Sinerat mawi Aksara Jawa Siswa Kelas VIII SMP Negeri 3 Godean” katindakaken.

## **B. Underaning Prakawis**

Adhedhasar seratan dhasaring panaliten ing nginggil, nuwuhaken underaning prakawis ingkang gegayutan kaliyan panaliten menika. Menggah underaning prakawis ing panaliten menika kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Kirangipun gregeting siswa anggenipun sinau aksara Jawa,
2. Siswa rumaos taksih awrat saha kirang panjurung anggenipun maos waosan sinerat mawi aksara Jawa,
3. Kirangipun raos tresna siswa kangge nguri-uri kabudayan Jawi,
4. Panganggenipun *metode* ingkang dereng trep tumrap kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa,
5. Wekdal sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ingkang taksih kirang,
6. Sarana pamulangan basa Jawi ingkang taksih kirang.

## **C. Watesaning Prakawis**

Saking underaning prakawis ing nginggil saged kapendhet menapa ingkang dados watesaning prakawis. Wondene watesaning prakawis wonten panaliten kados makaten.

1. Bedanipun *prestasi* sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa nalika ngginakaken *metode make a match* kaliyan *metode picture and picture* tumrap kelas VIII SMP N 3 Godean,
2. Keefektifan *metode make a match* saha *picture and picture* tumrap kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa kelas VIII SMP N 3 Godean.



#### **D. Wosing Prakawis**

Adhedhasar watesaning prakawis ing nginggil, nuwuhaken wosing prakawis ing panaliten menika. Wondene, wosing prakawis wonten panaliten menika saged kaserat kados makaten.

1. Kadospundi bedanipun *prestasi* sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa nalika ngginakaken *metode make a match* kaliyan *metode picture and picture* kelas VIII SMP N 3 Godean?
2. Kadospundi *keefektifan metode make a match saha picture and picture* tumrap kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa kelas VIII SMP N 3 Godean?

#### **E. Ancasing Panaliten**

Gegayutan kaliyan wosing prakawis ing nginggil, nuwuhaken ancasing panaliten ingkang badhe kaandharaken. Wondene ancasing panaliten wonten panaliten menika kados makaten.

1. Ngandharaken bedanipun *prestasi* sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa nalika ngginakaken *metode make a match* kaliyan *metode picture and picture* kelas VIII SMP N 3 Godean,
2. Ngandharaken *keefektifan metode make a match saha picture and picture* tumrap kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa kelas VIII SMP N 3 Godean.

## **F. Paedahing Panaliten**

Munpangating panaliten ing panaliten menika wonten kalih, inggih menika munpangat teotitis saha munpangat praktis. Munpangating panaliten ing panaliten menika kaandharaken ing ngandhap menika.

### 1. Munpangat Teoritis

Asiling panaliten menika kaangkah saged nambahi kawruh saha seserepan dhateng para pamaos utawi guru ing bab maos mliginipun maos waosan ingkang sinerat mawi aksara Jawa kanthi *metode make a match* saha *metode picture and picture*.

### 2. Munpangat Praktis

Gegayutan kaliyan munpangat teoritis ing ngiggil, nuwuhaken mupangat praktis ingkang badhe kaandharaken. Wondene munpangat praktis panaliten kados makaten.

#### a. Kangge siswa

Asiling panaliten menika dipunkajengaken saged ngindhakaken gregeting siswa kangge sinau basa Jawi. Siswa ugi gampang anggenipun sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa.

#### b. Kangge guru

Panaliten menika dipunkajengaken kangge nambahi wawasaning guru ngginakaken *metode make a match* saha *metode picture and picture* ingkang saged ngindhakaken kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa, saengga asiling pasinaoning siswa saged langkung sae.

c. Kangge pawiyatan

Panaliten menika dipunkajengaken saged nambahi wawasan kangge para guru wonten pawiyatan kasebut. Panaliten menika ugi saged kangge pancadan nindakaken panaliten-panaliten ingkang wonten gayutanipun kaliyan usada ngindhakaken asiling pasinaon para siswa.

**G. Pangretosan ingkang Gayut kaliyan Irah-irahan**

Adhedhasar irah-irahan ing nginggil, nuwuhaken pangretosan ingkang gayut kaliyan irah-irahan. Pangretosan ingkang gayut kaliyan irah-irahan dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Kaprigelan

Kaprigelan inggih menika kasagedanipun siswa anggenipun ngrampungaken prakawis.

2. Maos Aksara Jawa

Maos inggih menika salah satunggaling kaprigelaning basa ingkang ancasipun kangge mangretosi isining andharan menapa kemawon ingkang sinerat. Maos aksara Jawa minangka cara mangretosi wosing seratan ingkang sinerat mawi aksara Jawa.

3. *Metode pembelajaran*

*Metode pembelajaran* inggih menika cara ingkang dipunginakaken kangge mahyakaken satunggaling gagasan ingkang sampun karembag saderengipun wonten salebeting pasinaon. Adhedhasar andharan ing nginggil saged kadudut pangretosan bilih *metode pembelajaran* inggih menika satunggaling cara ingkang

dipunlampahi dening guru kangge ngecakaken satunggaling gagasan supados saged nuwuhaken raos pasinaonipun siswa tumuju ing ancasing pamulangan.

#### 4. *Metode make a match*

Salah satunggaling *model pembelajaran kooperatif learning* ingkang lampah pasinaonipun ngginakaken *kartu belajar*. *Kartu belajar* kaperang dados kalih, inggih menika *kartu* ingkang sinerat aksara Jawa, wosipun awujud pitakenan saha wangsulan.

#### 5. *Metode picture and picture*

*Metode picture and picture* inggih menika salah satunggaling *metode* pasinaon ingkang ngginakaken pirantos gambar, kalajengaken gambar-gambar kasebut dipunurutaken kanthi urutan ingkang jangkep saha *logis*. *Metode pembelajaran* menika ngginakaken *media* gambar salebetipun lampahing pasinaon. Gambar-gambar kasebut sampun wonten katerangan ingkang sinerat mawi aksara Jawa.

#### 6. Siswa Kelas VIII SMP N 3 Godean

Siswa kelas VIII minangka salah satunggaling kelas ing SMP N 3 Godean wonten ing Kabupaten Sleman, Yogyakarta. SMP N 3 Godean kelas VIII minangka *subjek* panaliten. Dene siswa kelas VIII SMP N 3 Godean kathahipun wonten 6 kelas, saben satunggal kelas wonten 32 siswa. Kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa dening siswa SMP N 3 Godean taksih kirang. Pramila, prelunipun ngawontenaken panaliten menika kangge ngindhakaken kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa, kanthi ngginakaken *metode make a match* saha *metode picture and picture* tumrap siswa kelas VIII SMP N 3 Godean.

## BAB II GEGARAN TEORI

### A. Andharaning Teori

#### 1. Pangretosan Sinau

Sinau inggih menika *proses* ingkang dipuntindakaken dening satunggaling priyantun wiwit saking lair dumugi pejah ingkang boten dipunwatesi dening *dinding* kelas. Sinau menika sanes kagiatan ingkang ngapalaken satunggaling *konsep* utawi pangretosan saking satunggaling *materi* pasinaon. Miturut pamanggihipun Djamarah (2006: 10), sinau inggih menika *proses* ewahipun tindak-tanduk amargi pangalaman saha gladhen. Wosipun sinau inggih menika kagiatan ingkang boten saged kapisahaken saking tindak-tanduk ingkang andadosaken satunggaling priyantun gadhah kaprigelan ingkang munpangati.

Miturut pamanggihipun Slamento (2010: 2), sinau inggih menika *proses* gladhen ingkang dipuntindakaken dening satunggaling priyantun kangge nggayuh tindak-tanduk ingkang langkung sae minangka kasil pangalaman *interaksi* wonten ing masarakat. Kanthi makaten, sinau inggih menika ewahipun tindak-tanduk kanthi kagiatan maos, nyemak, nyuwun pirsaa, nggatosaken, lan sapiturutipun. Bab menika sami kaliyan andharanipun Harold Spears (lumantar Suprijono, 2010: 2), *learning is to observe, to read, to imitate, to try something, themselves, to listen, to follow direction*. Tegesipun, sinau menika ancasipun kangge *observasi*, maos, nuladha, *eksperimen*, ngrembagaken *potensi*, mirengaken *informasi*, saha kangge nggayuh ancasipun maos.

Wonten ing pawiyatan guru kedah saged ngindhakaken sinau para siswa supados saged nggayuh ancas ingkang dipunkajengaken. Pasinaon ingkang

dipuntindakaken kedahipun ngginakaken cara ingkang narik kawigatosanipun siswa. Gayut kaliyan bab menika, Sardiman (2010: 99), ngandharaken bilih sinau inggih menika *proses* ingkang damel siswa-siswinipun kedah langkung *aktif* wonten ing pasinaon. Kanthi makaten guru kedah saged ngindhakaken *bakat* saha *potensi* paraa siswa. Saking mapinten-pinten pangartosan sinau wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih sinau inggih menika kagiatan ingkang dipuntindakaken dening siswa-siswi wonten ing pasinaon ingkang asipat *fisik* saha *psikis* ingkang saged ngewahi kapribadening siswa dados langkung sae.

## 2. Pangretosan Maos

Pangretosan maos kaandharaken kanthi mapinten-pinten *teori*. Miturut Hodgson (lumantar Tarigan, 2008: 7), maos minangka satunggaling lampah ingkang ancasipun kangge madosi amanat ingkang kaserat dening panyerat lumantar tembung-tembung utawi basa sinerat. Miturut Harjasujana saha Mulyati (1997:5), ngandharaken bilih pangretosan maos minangka kaprigelan ingkang *kompleks*, boten namung katindakaken kanthi ningali aksara-aksara ingkang kaserat. Wonten mapinten-pinten kasagedan ingkang prelu dipunlampahi dening pamaos supados saged mangretosi wosing waosan. Pamaos kaangkah saged mangretosi tandha-tandha wonten ing salebeting ukara ingkang kaserat dados tandha ingkang ngemu teges.

Anderson (lumantar Tarigan, 2008: 7) ngandharaken bilih pangretosan maos minangka lampah *decoding* ingkang tegesipun satunggaling lampah kangge negesi tandha-tandha *verbal*. Lampah *decoding* ugi kawastanan lelakon ingkang nggayutaken tembung-tembung tulis (*written*) kaliyan basa lisan (*oral language*) ingkang ngewrat bab ewah-ewahaning seratan ingkang dados *bunyi bermakna*.

Miturut Rahim (2005: 2) pangretosan maos inggih menika minangka satunggaling lampah ingkang awrat, boten namung lakon *visual*, nanging mbetahaken nalaring pikir, *psikolinguistik*, saha *metakognitif*. Salebeting lampahan *visual*, maos minangka lampahing pikir. Wondene maos ngewrat bab ngengingi tembung-tembungipun utawi basa sinerat.

Miturut Harris San Sipey (lumantar Darmiyati-Zuchdi, 2008: 19), Pangretosan maos inggih menika minangka satunggaling lakon kangge mangretosi basa seratan. Wondene *hakikat* maos menika kangge mangretosi teges ingkang jumbuh. Saking mapinten-pinten pangretosan maos ingkang kaandharaken ing nginggil saged kadudut pangretosanipun bilih maos inggih menika sadaya lampahan ingkang ngginakaken paningal, pangemut-emut, kapinteran, saha kaprigelan supados angsal pesen utawi *informasi* ingkang kaandharaken dening panyerat lumantar *media* seratan.

### **3. Ancasing Maos**

Ancasing maos ingkang wigatos inggih menika kangge madosi sadaya *informasi*, wosing waosan, saha maknanipun waosan. Miturut Nurhadi (2005: 11), ancasing maos, inggih menika (1) mangretosi sadaya wosing buku, (2) madosi *ide pokok* utawi *gagasan* salebeting buku, (3) madosi pirembagan bab basa, budaya, sastra, lan sapanunggalanipun, (4) mangretosi makna saking tembung-tembung ingkang kaserat, (5) kangge mangretosi kadadosan-kadadosan wigatos wonten ing pagesangan masarakat, (7) kangge mangretosi ing bab padamelan, (8) kangge mangretosi *informasi merk* barang, (9) kangge madosi pirantos tartamtu, saha (10) kangge madosi katrangan bab *definisi istilah*.

Pamanggih sanesipun kaandharaken dening Blanton (lumantar Rahim, 2005: 11), ingkang ngandharaken ancasing maos. Wondene ancasing maos miturut Blanton kaandharaken kados ing ngandhap menika:

- a. bebingah,
- b. supados langkung sae swantenipun rikala maos,
- c. ngginakaken *strategi* tartamtu,
- d. nggayutaken *informasi* enggal kaliyan *informasi* ingkang saderengipun,
- e. pikantuk *informasi* kangge satunggaling laporan,
- f. nindakaken satunggaling *eksperimen* utawi ngecakaken *informasi* saking *teks* kanthi cara ingkang beda,
- g. mangsuli pitakenan kanthi *spesifik*.

Saking mapinten-pinten pamanggih ing nginggil, saged kadudut ancasing maos inggih menika kangge madosi *informasi* ingkang ngewrat bab wosing prakawis saha kangge mangretosi maknaipun *teks* waosan. Cekak aosipun ancasing maos inggih menika (1) maos kangge *studi (telaah ilmiah)*, (2) maos kangge madosi ringkesaning waosan, (3) maos kangge ngugemi *karya sastra*, (4) maos kangge ngisi kalodhangan wekdal, saha (5) maos kangge madosi katrangan satunggaling *istilah*. Adhedhasar dudutan kasebut, ancasing maos inggih menika kangge madosi *informasi* ingkang *tersurat* saha *tersirat*.

#### **4. Jinising Maos**

Miturut Prastiti (2007: 20), adhedhasar ancasing maos saha tegesipun, maos kaperang dados mapinten-pinten jinis, antawisipun maos *intensif* utawi maos *teknik*, maos cepet, maos *kritis*, saha maos endah. Wondene jinising maos kasebut kaandharaken ing ngandhap menika.



a. Maos *Teknik*

Maos *teknik* inggih menika jinising maos ingkang nengenaken dhateng pocapan tembung-tembung ingkang baken, nyekaraken ukara-ukara kanthi leres, medhot *kelompok* ing tembung, saha ukara ingkang leres, kajumbuhaken kaliyan *nada*, *irama*, saha *tekanan*, kalepatan pocapan utawi cacat maos sanesipun (Prastiti, 2007: 20). Maos *teknik* kalampahan kanthi cara ngedalaken swanten. Pramila, maos jinis menika maedahi kangge pamaos.

b. Maos Cepet

Maos jinis menika kalampahan menawi pamaos badhe madosi *gagasan pokok* satunggaling waosan kanthi wekdal ingkang winates, nanging angsal wosing waosan ingkang kathah (Prastiti, 2007: 20). Wonten kalih prakawis ingkang kedah dipungatosaken salebeting maos cepet, inggih menika *kecepatan* saha *ketepatan*. Prakawis-prakawis ingkang prelu dipuntilar salebeting maos cepet inggih menika *regresi*, *vokalisasi*, maos tembung mbaka tembung, ukara mbaka ukara, lan sapanunggalanipun.

c. Maos *Kritis*

Maos *kritis* inggih menika satunggaling jinisinging maos ingkang ancasipun kangge mangretosi *fakta-fakta* salebeting waosan, kalajengaken ndamel pirembaganipun (Prastiti, 2007: 20). Maos *kritis* kalampahan kanthi *bijak*, *mendalam*, *evaluatif*, saha *analisis* minangka pandom wonten jinis maos menika. Kanthi makaten, maos *kritis* menika boten namung ngandharaken prakawis *tersurat* kemawon, nanging ugi ngandharaken prakawis ingkang *tersirat*. Maos *kritis* mbetahaken mawarni-warni kaprigelan, antawisipun madosi wosing waosan, ndamel pirembagan, saha ngandharaken *gagasan* ingkang kawrat wonten salebeting waosan.

#### d. Maos Endah

Maos endah minangka salah satunggaling cara kangge nuwuhaken raos suka saha kangge nggayutaken satunggaling *bahan* waosan ingkang ngewrat bab *sastra* kanthi nengenaken ing prakawis kaendahan salebeting andharanipun (Prastiti, 2007: 21). Maos endah raket sanget gayutipun kaliyan kaprigelan maos *karya sastra*. Maos jinis menika nengenaken dhateng prakawis kaendahan salebeting andharanipun. Alur swantenipun katujukaken dhateng *gagasan* ingkang kawrat wonten *teks* supados menapa ingkang dipunwaos menika saged dipunpahami dening *pendengar*.

Miturut pamanggihipun Tarigan (2008: 12-13) ngandharaken jinising lakon maos inggih menika maos kanthi swanten (*oral reading*) saha maos salebeting batos (*silent reading*). Maos kanthi swanten langkung jumbuh kaliyan ancasing maos ingkang kawrat wonten salebeting kaprigelan *mekanis*, antawisipun ngengingi pangretosan wujuding aksara saha prakawis *linguistik*. Ananging, kangge anggayuh ancasing maos ingkang asipat *pemahaman* menika jumbuh kaliyan maos salebeting batos.

Kalih jinising maos kasebut miturut Tarigan wonten *fungsi*-nipun piyambak-piyambak. Maos kanthi swanten inggih menika *aktivitas* ingkang *fungsi*-nipun minangka pirantos kangge guru, siswa, pamaos, pamireng kangge mangretosi katrangan, osiking pikir, saha osiking manahipun panyerat. Maos salebeting batos namung ngginakaken pangemut-emut lumantar paningal (*visual memory*) utawi gegayutan kaliyan paningal saha pangemut-emut. Wondene wonten prakawis menika pamaos boten ngginakaken pirantos pocapan saengga namung sarana paningal saha utekipun ingkang dipunginakaken.

Maos salebeting batos kaperang dados kalih warni inggih menika maos *ekstensif* saha maos *intensif*. Maos *ekstensif* inggih menika maos *secara luas*. Maos *ekstensif* ngewrat bab maos *survey* (*survey reading*), maos saperangan (*skimming reading*), saha maos cekak (*superficial reading*). Maos *intensif* inggih menika *studi seksama*, *telaah*, *penanganan terperinci* ingkang kalampahan salebeting gladhen wonten kelas. Maos *intensif* kaperang dados kalih, inggih menika maos *telaah isi* (*content study learning*) saha maos *telaah bahasa*. Maos *telaah isi* kaperang dados sakawan, inggih menika maos *tliti*, maos *teknik*, maos *kritis*, saha maos *ide*. Wondene maos *telaah* basa ngewrat prakawis lakon basa, maos basa, saha maos *sastra*.

##### **5. Pangretosan Kemampuan Memahami Bacaan**

*Memahami bacaan* utawi mangretosi wosing waosan ngewrat pangretosan ingkang sami kaliyan *pemahaman membaca*. Miturut pamanggihipun Darmiyati-Zuchdi (2008: 22) ngandharaken pangretosan *pemahaman membaca* inggih menika “*pemerolehan makna dari unit-unit tertulis yang lebih luas dari kata*”. Tegesipun, bilih maos menika minangka *proses* madosi makna-makna saking *unit-unit tertulis* ingkang bab-ipun langkung wiyar saking tembung. Pangretosan kasebut nedahaken wontenipun *kompleksitas* amargi *pemahaman membaca* menika minangka kaprigelan ingkang prelu dipunmangretosi dening tiyang sanes nalika maos.

Miturut pamanggihipun Somadayo (2011: 11) ngandharaken bilih satunggaling tiyang saged mangertos wosing waosan kanthi sae menawi saged negesi tembung-tembung ingkang dipunserat dening panyerat, saged negesi makna ingkang *tersirat* saha makna ingkang *tersurat*, ugi saged anggenipun damel dudutan saking

waosan kasebut. Pramila saged dipundudut pangretosan saking *kemampuan memahami bacaan* inggih menika kaprigelan kangge mangretosi bab kawruh-kawruh ingkang kawrat wonten salebetipun waosan. *Memahami bacaan* wonten gayutipun kaliyan bab ingkang *tersurat* saha *tersirat*.

Kasagedan anggenipun mangretosi jinising *informasi* ingkang kawrat wonten salebetipun seratan, menika prakawis ingkang wigatos salebetipun maos. Mangretosi wosing seratan menika prakawis ingkang wigatos salebetipun pamulangan basa, saha ancasing *tes membaca*. *Informasi tertulis* ingkang dipunwaos saha dipunpahami menika saged kawedharaken mawi mawarni-warni basa. Tuladhanipun saking unen-unen ingkang prasaja dumugi unen-unen ingkang langkung jangkep saha langkung wiyar saking *paragraf*. Sadayanipun minangka *pesan tertulis* saged dipunmangretosi wosipun saha maknanipun kanthi cara maos seratanipun (Djiwandono, 1996: 63).

Sami kaliyan nyemak, maos menika langkung ngugemaken kaprigelan bab basanipun ingkang asipat *pasif-reseptif*. Kanthi cara maos, pamaos saged madosi *informasi* ingkang awujud seratan saking andharanipun panyerat. Kasagedan maos dhasaripun saking kaprigelan basa ingkang sipatipun *pasif-reseptif*. Wondene pamaos menika minangka *recipient* utawi dados panampi wosing waosan.

Kasagedan maos menika prelu dipunukur kanthi ngawontenaken *tes membaca*. Ancasipun *tes* maos inggih menika kangge mangretosi saha ngukur kasagedan mangretosi materi saking satunggaling waosan. Miturut Djiwandono (1996: 63) ngandharaken bilih :

*“Tingkat kemampuan membaca itu tercermin pada tingkat pemahaman terhadap isi bacaan, baik yang secara jelas diungkapkan di dalamnya (tersurat), maupun yang hanya terungkap secara tersamar dan tidak langsung (tersirat), atau bahkan sekedar merupakan implikasi dari isi*

*bacaan. Semua itu merupakan bagian dari perwujudan dari kemampuan memahami bacaan.”*

Tegesipun, bilih tingkat kasagedan maos menika kagambaraken nalika mangretosi wosing waosan, ingkang kaandharaken kanthi cetha utawi *tersurat*, menapa dene *informasi* ingkang kaandharaken kanthi samar-samar saha boten langsung utawi *tersirat*. Sadaya menika minangka perangan saha wujud saking kasagedan mangretosi wosing waosan.

## **6. Metode Pasinaon**

Miturut Wikipedia (2013), tembung *metode* asalipun saking basa Yunani *methodos* ingkang tegesipun cara ingkang badhe dipuntempuh. *Metode* ingkang gayut kaliyan cara panaliten kangge mangretosi *objek sasaran*-ipun. *Metode fungsi*-nipun minangka pirantos kangge nggayuh satunggaling ancas. Pangretosan ngengingi *metode-metode* kangge pamulangan tumrap guru menika wigatos sanget, amargi asiling pasinaonipun siswa gumantung saking *metode* ingkang kaginakaken dening guru.

### a. *Metode make a match*


Kangge ngindhakaken *partisipasi* saha *keaktifan* siswa salebeting kelas, guru ngginakaken *metode* pasinau *make a match*. *Metode make a match* utawi madosi pasanganipun, minangka salah satunggaling cara ingkang saged kaginakaken nalika pasinaon wonten kelas. Anggenipun ngecakaken *metode make a match* kawiwitan saking *teknik*, inggih menika siswa dipundhawuhi madosi pasanganipun kertu. Wondene kertu menika ngewrat wangsulana saha pitakenan ingkang sinerat mawi

aksara Jawa. Siswa kaparingan wekdal sacekapipun, menawi wonten siswa ingkang saged njumbuhaken kertu wangsulan kaliyan pitakenan, lajeng dipunparingi biji.

*Metode pasinau make a match* utawi madosi pasanganipun, kadamel dening Lornacurran (lumantar Suprijono, 2010: 94). Salah satunggaling paedah ngginakaken *metode make a match* inggih menika siswa madosi pasanganipun sinambi sinau *konsep* utawi *topik* kanthi cara ingkang ngremenaken. *Metode pasinaon make a match* saged kaginakaken tumrap sadaya jinising pasinaon saha sadaya tingkatan umuripun siswa. Wondene miturut Lornacurran (lumantar Lie, 2010: 55), urutaning *metode make a match* inggih menika kados makaten.

- 1) Guru nyamektakaken kertu ingkang wosipun ngewrat *konsep* utawi *topik* pamulangan, satunggal kertu dipunserati pitakenan ingkang ngginakaken aksara Jawa, satunggal kertu malih dipunserati wangsulan ingkang ngginakaken aksara Jawa,
- 2) Saben siswa angsal satunggal kertu,
- 3) Saben siswa sami mikir ngengingi wangsulan utawi pitakenan saking kertu kasebut,
- 4) Saben siswa madosi pasanganipun ngginakaken kertu ingkang sampun dipunbekta kalawau, dumados saking kertu A saha kertu B,
- 5) Siswa ugi saged ngempal kaliyan kalih utawi tigang siswa ingkang kagungan kertu ingkang jumbuh,
- 6) Siswa ingkang saged njumbuhaken kertunipun saderengipun wekdal saking guru rampung, lajeng dipunparingi *skor*,
- 7) Sasampunipun satunggal *babak*, kertu dipunkocok malih supados siswa saged angsal kertu ingkang beda tinimbang saderengipun,

- 8) Kalajengaken lampahing pasinaon menika ngambali kados ingkang sampun kaandharaken ing *point 2* dumugi *point 6*,
- 9) Dipunpungkasi dudutan utawi panutup.



Gambar 1: Tuladha Kertu *Make a Match*

*Metode* pasinau *make a match* saged ugi dipuntindakaken kanthi kelompok (Suprijono, 2010: 94). Guru merang siswanipun dados tigang kelompok. Kelompok satunggal minangka kelompok ingkang mbekta kertu wosipun pitakenan-pitakenan. Kelompok kalih minangka kelompok ingkang bekta kertu wangsulan. Wondene kelompok tiga minangka kelompok ingkang mbiji. Kadamel *posisi*-nipun kelompok-kelompok kasebut awujud aksara U, kelompok sapisan saha kelompok kalih kadamel aben ajeng.

Menawi saben-saben kelompok sampun mapan ing panggenanipun, pramila guru enggal maringi tandha wiwitan supados kelompok satunggal kaliyan kelompok kalih sami madosi pasanganipun. Siswa kaparingan wekdal kangge pirembagan. Asiling pirembagan menika katingal saking pasangan-pasanganipun kelompok ingkang mbekta kertu wangsulan. Siswa ingkang sampun angsal pasanganipun, dipundhawuhi sami nedahaken kertu pitakenan-wangsulanipun dhateng kelompok pambiji. Kelompok pambiji kedah njumbuhaken antawisipun pitakenan kaliyan wangsulan.

Sasampunipun mbiji, kelompok satunggal kaliyan kelompok kalih dipuncampur dados satunggal kadamel kelompok pambiji. Wondene, siswa ingkang

kalawau kalebet kelompok pambiji kaeprang dados kalih, sepisan kelompok ingkang mbekta kertu pitakenan saha kelompok kalih ingkang mbekta kertu wangsulan. Para siswa *posisi*-nipun kadamel aksara U malih, lajeng Guru maringi tandha wiwitan supados kelompok pitekanan sami madosi pasanganipun wonten kelompok wangsulan saha kosokwangsulipun. Saben-saben siswa ingkang sampun angsal pasanganipun kasuwun sami nedahaken kertu pitakenan saha kertu wangsulanipun dhateng kelompok pambiji.

Para siswa ingkang sami nyepeng kertu pitakenan, kertu wangsulan menapa dene siswa ingkang dados pambiji dereng sami mangretos saha paham ngengingi pasangan kertu pitakenan saha kertu wangsulan kasebut. Pramila, adhedhasar prakawis kasebut guru ngajak siswa supados rerembagan sesarengan ngengingi gladhenipun siswa saha maringi bijinipun.

#### b. *Metode Picture and Picture*

*Metode picture and picture* inggih menika salah satunggaling *metode* pasinaon ingkang ngginakaken pirantos gambar. Gambar-gambar kasebut dipunurutaken kanthi urutan ingkang jangkep saha *logis*. *Metode pembelajaran* menika ngginakaken *media* gambar salebetipun lampahing pasinaon. Gambar-gambar kasebut sampun wonten katerangan ingkang sinerat mawi aksara Jawa.. Pramila saderengipun lampahing pasinaon, guru sampun nyamektakaken gambar ingkang dipundamel *kartu* utawi gambaripun kadamel *kartu* kanthi ukuran ageng. Miturut Asmani (2011: 39) ngandharaken lelampahanipun *metode picture and picture* ingkang kaandharaken wonten ngandhap menika.

1) Guru ngandharaken *kompetensi* ingkang badhe katuju



Wonten lampah menika, guru kaangkah saged ngandharaken menapa ingkang dados *kompetensi dasar* wonten ing pasinaon menika. Kanthi makaten, siswa saged mangretosi kasagedanipun nguwaosi *materi* ingkang sampun kaandharaken dening guru. Sanesipun menika, guru ugi kasuwun ngandharaken *indikator-indikator Kompetensi Dasar*, saengga para siswa saged mangretosi *KKM*-ipun.

- 2) Ngandharaken *materi* kanthi bebuka minangka prakawis ingkang wigati.  
Awit saking menika guru maringi *momentum* minangka wiwitaning pasinaon. *Kesuksesan*-nipun lampahing pasinaon menika kawiwitan saking ngriki, amargi guru saged maringi *motivasi* supados narik kawigatosanipun siswa ingkang dereng sami siap. Kanthi maringi *motivasi* saha ngginakaken *teknik* ingkang sae nalika maringi *materi* saged narik kawigatosanipun siswa supados sami sinau langkung kathah ngengingi *materi* ingkang saweg dipun-sinau.
- 3) Guru maringi tuladha gambar-gambar *pertanian tradisional* ingkang sampun wonten katerangan ngginakaken aksara Jawa  
Salebetipun ngandharaken *materi*, guru ngajak siswa supados *aktif* nalika pasinaon, kanthi ningali saben-saben gambar ingkang sampun dipunparingi dening guru. Kanthi ngginakaken gambar, guru boten langkung rekaos saha siswa langkung gampil nguwaosi *materi* ingkang dipunwulangaken. Salajengipun, guru saged *memodifikasi* gambar utawi nggantos gambar kanthi *video* saha *demonstrasi kegiatan*.
- 4) Guru ndhawuhi siswa satunggal-satunggal supados ngurutaken gambar-gambar dados urutan ingkang *logis*

Wonten ing lampah menika, guru kasuwun damel *inovasi* amargi ndhawuhi langsung dhateng siswa menika kadhang kirang *efektif* saha siswa ngraos kaukum. Salah satunggaling cara inggih menika ngginakaken *undian*, saengga siswa kedah nindakaken *tugas*-ipun. Gambar-gambar ingkang sampun kasamektakaken dening guru, kaparingaken dhateng siswa supados dipun-urutaken, dipundamel, utawi dipun-*modifikasi*.


5) Guru mundhut pirsu dhateng siswa pawadan saking urut-urutanipun gambar Siswa dipungladhi kangge ngandharaken pawadanipun ngengingi urut-urutaning gambar kasebut. Wonten ing lampah menika tumindak ing guru wigatos sanget minangka *fasilitator* saha *motivator* supados siswa langkung kendel ngandharaken pamanggihipun.

6) Saking pawadan ngurutaken gambar kasebut, guru miwiti ngandharaken *konsep* utawi *materi* adhedhasar *kompetensi*-nipun.

Wonten ing lampah menika guru kedah nggatosaken saestu *materi*-nipun. Siswa dipundhawuhi supados ngambali, nyerat saha sanesipun kanthi ancas siswanipun saged mangretosi bilih bab menika wigatos sanget tumrap *KD* saha *Indikator*. Siswa dipundhawuhi sampun nguwaosi *indikator* ingkang sampun cumawis.

7) Siswa dipunajak ndamel dudutan utawi ngringkes *materi* ingkang sampun kaandharaken.

Dudutan saha ringkesan menika kadamel sesarengan kaliyan siswa. Guru mbiyantu salebetipun ndamel dudutan. Menawi siswa dereng mangertos bab-bab ingkang kedah dipungatosaken wonten ing gambar kasebut, pramila guru maringi *feedback* ngengingi gambar kasebut.



Gambar 2 : Tuladha *media picture and picture*

Wonten ing salah satunggaling *metode* tamtu wonten kalangkungan saha kakiranganipun. Wondene kalangkungan saha kakirangan *metode pasinaon picture and picturei* kaandharaken ing ngandhap menika.

- 1) Kalangkungan *metode pamulangan picture and picture*
  - a) Materi ingkang dipunandharaken langkung *terarah* amargi saking wiwitanipun wulangan, guru ngandharaken *kompetensi* ingkang kedah dipunkuwaosi saha ngandharaken *materi* singkat,
  - b) Siswa langkung cepet nguwaosi *materi*, amargi guru maringi gambar-gambar ingkang gegayutan kaliyan *materi* pamulangan,
  - c) Saged ngindhakaken *daya pikir* utawi *daya nalar*-ipun siswa amawgi siswa dipundhawuhi kangge nganalisis gambar,
  - d) Saged ngindhakaken tenggel jawabipun siswa, amargi guru mundhut pirsa pawadan ngurutaken gambar,
  - e) Anggenipun mulang langkung nengsemaken, amargi siswa saged ningali langsung gambar ingkang dipunsamektakaken dening guru,
- 2) Kakirangan *metode pasinaon picture and picture*
  - a) Rekaos anggenipun madosi gambar-gambar ingkang sae saha *berkualitas* saha adhedhasar *materi pelajaran*,
  - b) Rekaos anggenipun manggihaken gambar-gambar ingkang jumbuh kaliyan *daya nalar* utawi *kompetensi*-nipun siswa,

- c) Guru menapa dene siswa taksih kirang anggenipun ngginakaken gambar minangka *media* pamulangan nalika lelampahanipun pasinaon,
- d) Kirangipun beya kangge ngempalaken gambar-gambar ingkang badhe kaginakaken.

## 5. Aksara Jawa

### a. Pangretosan Aksara Jawa

Aksara Jawa utawi carakan inggih menika aksara ingkang asipat *silabik*, inggih menika saben aksaranipun minangka tandha saking satunggal wanda. Gunggungipun aksara Jawa wonten 20. Urut-urutanipun aksara Jawa kawastanan dentawyanjana. Dentawyanjana asalipun saking tembung *denta* ingkang tegesipun waja saha wyanjana ingkang tegesipun aksara. Wondene panyerating aksara Jawa kaandharaken miturut Padmosoekotjo (1989: 13-17) kados ing ngandhap menika.

**Tabel 1: Aksara Jawa saha Pasanganipun**

Nama Aksara	Wujud Aksara saha Pasanganipun	Nama Aksara	Wujuda Aksara saha Pasanganipun
ha	ꦲ ... ꦲꦲ	pa	ꦥ ... ꦥꦥ
na	ꦤ ... ꦤꦤ	dha	ꦢ ... ꦢꦢ
ca	ꦕ ... ꦕꦕ	ja	ꦗ ... ꦗꦗ
ra	ꦫ ... ꦫꦫ	ya	ꦪ ... ꦪꦪ
ka	ꦏ ... ꦏꦏ	nya	ꦚ ... ꦚꦚ
da	ꦢ ... ꦢꦢ	ma	ꦩ ... ꦩꦩ
ta	ꦠ ... ꦠꦠ	ga	ꦒ ... ꦒꦒ
sa	ꦱ ... ꦱꦱ	ba	ꦧ ... ꦧꦧ

tabel salajengipun

<b>Nama Aksara</b>	<b>Wujud Aksara saha Pasanganipun</b>	<b>Nama Aksara</b>	<b>Wujud Aksara saha Pasanganipun</b>
wa	ꦮ ...	tha	ꦠ ...
la	ꦭ ...	nga	ꦤ ...

b. Aksara Legena saha Pasanganipun

Aksara carakan utawi aksara legena inggih menika aksara Jawa ingkang cacahipun 20. Sanesipun asipat silabik, aksara Jawa ugi asipat konsonan, inggih menika menawi aksara legena dipunsukani pasangan utawi tandha pangkon. Pasangan aksara Jawa *fungsi*-nipun kangge nggayutaken aksara Jawa ingkang dipunpasangi aksara salajengipun salebeting nyerat tembung, ukara, lan sapanunggalanipun. Sadaya aksara Jawa menika wonten pasanganipun piyambak-piyambak. Wondene wujuding pasangan aksara Jawa kaserat wonten ing *tabel 1* ing nginggil menika.

c. Sandhangan Aksara Jawa

Sandhangan inggih menika tandha ingkang dipunginakaken kangge ngewahi swantenipun aksara salebeting nyerat tembung utawi ukara (Padmosoekotjo, 1989: 17-18). Sandhangan aksara Jawa wonten 3 inggih menika sandhangan swara, sandhangan panyigeging wanda, saha sandhangan wyanjana. Sandhangan aksara Jawa dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

- 1) sandhangan swara cacahipun wonten gangsal ingkang dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

## a) Sandhangan Wulu

Sandhangan wulu (...) dipunginakaken minangka tandha *vokal* i salebeting satunggal wanda. Tuladha :  $\text{ᮊᮧᮦ}$  = pari

## b) Sandhangan Pepet

Sandhangan pepet (...) dipunginakaken minangka tandha *vokal* ê salebeting satunggal wanda. Tuladha :  $\text{ᮊᮧᮦᮦ}$  = sêga

## c) Sandhangan Suku

Sandhangan suku (...) dipunginakaken minangka tandha *vokal* u ingkang dipunserat kaliyan aksara salebeting satunggal wanda. Tuladha :  $\text{ᮊᮧᮦᮦᮦ}$  = buku

## d) Sandhangan Taling

Sandhangan taling (ᮊ...) dipunginakaken kangge tandha é utawi è, wondene seratanipun boten dipungandheng kaliyan aksaranipun, namung kaserat sangajengipun aksara. Tuladha :  $\text{ᮊᮧᮦᮦᮦᮦ}$  = lele

## e) Sandhangan Taling-tarung

Sandhangan taling-tarung (ᮊ...ᮦ) dipunginakaken minangka tandha *vokal* o. Wondene panyeratipun ngapit aksara ingkang dipunsukani sandhangan kasebut. Tuladha :  $\text{ᮊᮧᮦᮦᮦᮦᮦᮦ}$  = coro

2) Sandhangan panyigeging wanda cacahipun wonten 4 ingkang dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

## a) Sandhangan Wignyan

Sandhangan wignyan (...ᮦ) minangka sandhangan ingkang dipunginakaken minangka tandha ing *konsonan* “h” panutup ing wanda. Panyerating sandhangan kasebut sawingkingipun aksara. Tuladha :  $\text{ᮊᮧᮦᮦᮦᮦᮦᮦ}$  = gajah

## b) Sandhangan Layar

Sandhangan layar (...) inggih menika sandhangan ingkang dipunginakaken minangka tandha *konsonan* “r” panutup ing wanda. Panyerating sandhangan kasebut sanginggilipun aksara. Tuladha : 𑌲𑌶𑌶 = darma

## c) Sandhangan Cecak

Sandhangan cecak (...) inggih menika sandhangan panganggening sigeg “nga”. Sandhangan cecak minangka tandha *konsonan* “ng” panutuping wanda. Panyerating sandhangan kasebut wonten sanginggiling aksara. Tuladha : 𑌲𑌶𑌶 = layang

## d) Sandhangan Pangkon

Sandhangan pangkon (...𑌶) dipunginakaken minangka tetenger bilih aksara ingkang dipunsukani sandhangan kasebut dados aksara pejah utawi *konsonan* panutuping wanda. Sandhangan pangkon kaserat sawingkingipun aksara. Tuladha : 𑌶𑌶𑌶𑌶𑌶 = mangan

## 3) Sandhangan wyanjana cacahipun wonten 3 ingkang dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

## a) Cakra

Tandha cakra (...) dipunginakaken minangka tandha *gugus konsonan* “r”.

Tandha cakra kaserat ngluwengi aksara. Tuladha : 𑌶𑌶𑌶 = krasa

## b) Keret

Tandha keret (...) dipunginakaken minangka tandha *gugus konsonan* “rê”.

Tandha keret kaserat sangandapipun aksara. Tuladha : 𑌶𑌶𑌶𑌶𑌶 = kreteg

## c) Pengkal

Sandhangan pengkal (...ꦏꦲ) dipunginakaken minangka tandha aksara “y”

ingkang panyeratipun dipungandheng kaliyan *konsonan* sanes salebeting satunggal wanda. Sandhangan pengkal kaserat sawingkingipun aksara. Tuladha:

ꦏꦲꦶ = kyai

## d. Angka Jawa

Angka salebetipun aksara Jawa kaginakaken kangge tandha wilangan utawi nomer. Miturut Padmosoekotjo (1989: 43), angka Jawa kawiwitan saking angka satunggal dumugi angka sanga saha das wujudipun bunder (Indonesia: 0). Wondene wujuding angka Jawa kaserat ing ngandhap menika.

**Tabel 2: Angka Jawa**

Nama	1	2	3	4	5	6	7	8	9	0
Wujud	ꦩ	ꦒ	ꦗꦏꦺ	ꦚ	ꦑ	ꦗꦏꦺꦴ	ꦒꦏꦺ	ꦒꦏꦺꦴꦴ	ꦒꦏꦺꦴꦴꦴ	ꦲ

## e. Panganggenipun Tandha Pamaos Salebeting Seratan mawi Aksara Jawa

Salebetipun tata panyerating aksara Jawa, wonten tandha pamaos ingkang prelu kaginakaken salebetipun nyerat ukara, *paragraf*, saha sanesipun. Tandha pamaos menika kawastanan pada. Pada inggih menika tandha pawaos salebeting tata panyerating aksara Jawa ingkang dipunginakaken salebeting waosan, seratan sekar, saha sanesipun. Wondene, wujuding pada utawi tandha pamaos dipunandharaken (Padmosoekotjo, 1989: 49-52) kaserat ing ngandhap menika.

- 1) Adeg-adeg (ꦲꦲ) dipunginakaken wonten sangajenging ukara wiwitan ing saben *alinea*.



- 2) Pada guru (||| ... |||) dipunginakaken minangka pambuka serat ulem.
- 3) pada pancak (∞...∞) dipunginakaken minangka panutuping serat ulem.
- 4) Pada lingsa (∖) dipunginakaken minangka tandha *koma* (,) wonten seratan dhapukan gancaran.
- 5) Pada lungsi (∞) dipunginakaken minangka tandha titik (.) wonten seratan dhapukan gancaran.
- 6) Pada pangkat (:;) dipunginakaken kangge ngapit angka saha kaginakaken minangka tandha *petik* (:...:)

## B. Panaliten Inggang Jumbuh

Panaliten inggang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika panalitenipun Agustin Arsa Nurwinata kanthi irah-irahan *Keefektifan Penggunaan Teknik Make A Match dalam Pembelajaran Kosakata Bahasa Jerman di kelas X SMA Negeri 1 Prambanan Tahun 2011*. Panaliten kasebut boten sadayanipun sami kaliyan panaliten menika, nanging wonten perangan inggang sami saking *prosedur* panaliten, cara *pengambilan sampel*, *metode* mulang, saha *variabel* panaliten. Panaliten kasebut saged kaginakaken kangge pandom tumrap panaliten menika.

Panganggenipun *variabel* saha *metode* pamulangan inggang sami kaliyan panaliten manika. Kaprigelan *penguasaan kosakata* minangka *variabel terikat* saha panganggenipun *teknik make a match* minangka *variabel bebas*. Cara anggenipun ngecakaken *metode make a match* kelompok *eksperimen* kalampahan kanthi damel kelompok alit inggang dumados saking 4-8 siswa. Siswa dipunsukani kertu inggang sampun dipunserati pitakenan-pitakenan, salajengipun *kertas* sanesipun menika kaserat *definisi-definisi* saha tuladhanipun. Siswa-siswanipun sami makempal

miturut kelompokipun. Salajengipun, siswa dipundhawuhi nggabungaken *kertas* ingkang dipuncpeng, saengga ndhapuk tatananing *paragraph* ingkang wetah. Bab menika sampun jumbuh kaliyan urutanipun *teknik make a match*.

Panaliten menika ngginakaken *prosedur* panaliten saha cara *pengambilan sampel* ingkang sami. Cara *pengambilan sampel* ingkang dipunginakaken inggih menika *teknik random sampling* saha *prosedur* panalitenipun ngewrat tigang prakawis (1) *pengukuran* saderengipun eksperimen, nindakaken *eksperimen*, saha *pengukuran* sasampunipun *eksperimen*. Skor kaprigelan *penguasaan kosakata* kelas *eksperimen* saha kelas *kontrol* dipun-*analisis* ngginakaken *uji-t* kapanggihaken nilai  $T_{hitung}$  3511 ingkang langkung ageng saking nilai  $T_{tabel}$  2010.

Sanesipun menika ugi kapanggihaken biji *rata-rata skor post-test kelas eksperimen* 23,33 saha *kelas kontrol* 22,17. Saking panaliten kasebut wonten bedanipun antawisipun kaprigelan *penguasaan kosakata* kelompok siswa ingkang dipunwulang kanthi ngginakaken *metode make a match* kaliyan kaprigelan siswa ingkang boten dipunwulang kanthi *metode make a match*. Wondene panganggenipun *metode make a match* menika langkung *efektif* salebetipun ngindhakaken *penguasaan kosakata* basa Jerman.

Bedanipun panaliten kasebut kaliyan panaliten menika inggih menika, *desain* panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten. Panaliten kasebut ngginakaken *desain pre-test post-test control group* manawi panaliten menika ngginakaken *desain one-group pre-test post-test*. *Desain pretest posttest control group* menika kedah wonten kelas *eksperimen* saha *kontrol*, kelas *eksperimen* dipunparingi *perlakuan metode make a match* menawi kelas *kontrol* dipunparingi *metode tradisional*. *Desain one-group pre-test post-test* wonten satunggal kelas

*eksperimen* ingkang dipunparingi *perlakuan metode make a match* saha satunggal kelas *eksperimen* ingkang dipunparingi *perlakuan metode picture and picture*.

### **C. Nalaring Pikir**

Maos minangka salah satunggal saking sakawan kaprigelan basa ingkang kawulangaken ing pawiyatan, mliginipun ing SMP N 3 Godean. Kaprigelan maos minangka prakawis ingkang wigatos tumrap pangrembakanipun *ilmu pengetahuan* saha *teknologi*. Kaprigelan maos prelu dipunindhakaken kangge mbiyantu ing *komunikasi lisan*.

Lampahing maos, mliginipun maos waosan sinerat mawi aksara Jawa inggih menika satunggaling kaprigelan bab basa ingkang kedah dipunkuwaosi dening siswa. Ananging, kasunyatanipun bilih maos waosan sinerat mawi aksara Jawa taksih kathah siswa ingkang dereng nguwaosi. Siswa-siswanipun menika ngraos awrat nalika nindakaken wulangan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa.

Wulangan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ingkang dipuntindakaken ing SMP N 3 Godean taksih ngginakaken *metode tradisional* saha dereng ngginakaken *metode pembelajaran komperatif learning*. Caranipun mulang ingkang asipat *tradisional* menika kirang narik kawigatosanipun para siswa salebetipun sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa.

Adhedhasar prakawis-prakawis kasebut, prayoginipun guru langkung *kreatif* anggenipun maringi *motivasi* dhateng siswa. Guru prayogi ngginakaken *metode* saha *media* pamulangan ingkang narik kawigatosanipun para siswa. *Fungsi media* pamulangan inggih menika kangge mbiyantu guru nalika ngandharaken *materi* dhateng siswa.

Kanthe ngginakaken *metode make match* saha *metode picture and picture* siswa saged sinau saha dolanan kanthe ngapalaken aksara Jawa kanthe raos remen. Bab menika sampun jumbuh kaliyan *karakteristik* siswa SMP ingkang taksih remen dolanan nanging kaliyan sinau kanthe ngginakaken *metode komperatif*, saengga *metode make a match* saha *metode picture and picture* saged mbiyantu ngindhakaken kaprigelan maos aksara Jawa.

#### **D. Hipotesis**

*Hipotesis* panaliten inggih menika wangsulun sawetawis dhateng prakawis panaliten, ingkang leres kedah dipun-*uji* rumiyin kanthe cara *empiris* (Rachman, 1993: 44). Adhedhasar andharan ing nginggil, ing panaliten menika kaandharaken *hipotesis* makaten.

$$1. H_a : \mu_1 \neq \mu_2$$

$$\mu_1 = \textit{metode make a match}$$

$$\mu_2 = \textit{metode picture and picture}$$

Wonten beda ingkang *signifikan* antawisipun kaprigelan maos waosan waosan sinerat mawi aksara Jawa ingkang ngginakaken *metode make a match* kaliyan *metode picture and picture*.

$$2. H_a : \mu_1 > \mu_2$$

*Metode make a match* langkung *efektif* tinimbang *metode picture and picture* kangge sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa.

$$\mu_1 = \textit{metode make a match}$$

$$\mu_2 = \textit{metode picture and picture}$$

### BAB III CARA PANALITEN

#### A. *Desain Panaliten*

Panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika panaliten *eksperimen*. *Metode* panaliten *eksperimen* inggih menika *metode* panaliten ingkang dipunginakaken kangge mangertosi *pengaruh perlakuan*, (Sugiyono,2010: 107). Panaliten *eksperimen* menika wonten tigang titikan, inggih menika : 1) wontenipun *variabel bebas* ingkang dipun-manipulasi, 2) wontenipun *pengontrolan* utawi *pengendalian* tumrap sadaya *variabel* kajawi *variabel bebas*, 3) wontenipun *pengamatan* utawi *pengukuran* tumrap *variabel terikat* minangka *efek* saking *variabel bebas* (Sudjana, 2009: 19).

*Desain* panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *Desain Pre-test and Post-test Group*, (Suharsimi-Arikunto, 2010: 124). Wonten panaliten menika kaperang dados kalih *kelompok*, inggih menika *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* ingkang dipunpilih kanthi *sampling purposive*. Wondene *desain* panaliten menika dipunandharaken ing ngandhap menika.

**Tabel 3: *Desain Pre-test and Post-test Group***

<i>Pre-test</i>	<i>Perlakuan</i>	<i>Post-test</i>
O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>

Katerangan:

O<sub>1</sub> : *pre-test kelompok eksperimen*

O<sub>2</sub> : *post-test kelompok eksperimen*

X : *perlakuan*

*Rumus* ing nginggil ngandharaken bab urut-urutaning lampahing panaliten menika, inggih menika *subjek penelitian* kaperang dados kalih *kelompok*. Kalih *kelompok* ingkang sampun kapilih lajeng dipunsukani *pre-test* kangge mangretosi wontenipun *perbedaan* kawontenan saking kalih *kelompok* kasebut. Lajeng *kelompok* kasebut dipunsukani *perlakuan* kaping tiga (kaserat kanthi wujud *tabel* ing *tabel* 4). Wondene ingkang pungkasan, dipunsukani *post-test* kangge mangretosi kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa dening para siswa-siswi ingkang sampun dipunwulang ngginakaken *metode* ingkang beda kasebut.

## **B. Variabel Panaliten**

*Variabel* panaliten, miturut Suharsimi-Arikunto (2010: 161), inggih menika minangka *objek* panaliten utawi dipundadosaken pokok wonten ing satunggaling panaliten. *Variabel* wonten panaliten menika ngginakaken kalih jinis *variabel*, inggih menika *variabel bebas* saha *variabel terikat*. *Variabel bebas* inggih menika *variabel* ingkang dipunginakaken kangge *ngontrol* wontenipun *variabel terikat*. Wondene *variabel terikat* inggih menika *variabel* ingkang kening daya pangaribawaning *variabel bebas*.

## **C. Pangretosan Oprasional Variabel**

*Variabel bebas* wonten panaliten menika inggih menika *metode make a match* saha *metode picture and picture*. *Metode make a match* inggih menika salah satunggaling *metode pembelajaran kooperatif learning* ingkang lampah pasinaonipun ngginakaken *kartu belajar*. *Kartu belajar* kaperang dados kalih, inggih menika *kartu* ingkang sinerat pitakenan-pitakenan saha *kartu* ingkang sinerat

wangsulan saking pitakenan-pitakenan kasebut. *Metode picture and picture* inggih menika satunggaling *metode* pasinaon ingkang ngginakaken pirantos gambar. Gambar-gambar kasebut lajeng dipunurutaken kanthi urutan ingkang jangkep saha *logis* supados saged mujudaken gambar ingkang runtut.

*Variabel terikat* wonten panaliten menika, inggih menika kaprigelan maos waosan ingkang sinerat mawi aksara Jawa. Kaprigelan maos waosan ingkang sinerat mawi aksara Jawa inggih menika siswa saged maos waosan ingkang seratanipun ngginakaken aksara Jawa kanthi lancar.

#### **D. Sampel Panaliten**

*Teknik sampel* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika, inggih menika *teknik sampling purposive*. *Sampling purposive* inggih menika Pamilihing *sampel* katindakaken mawi *pertimbangan* tertamtu, (Sugiyono, 2012: 85). Kelas VIII A kapilih dados *kelompok metode make a match* kanthi gunggungipun siswa wonten 32 siswa saha kelas VIII F minangka *kelompok metode picture and picture* kanthi gunggungipun siswa wonten 30 siswa.

#### **E. Papan saha Wekdal Panaliten**

##### **1. Papan Panaliten**

Panaliten menika katindakaken ing SMP N 3 Godean ingkang alamatipun ing Desa Sidoarum, Kecamatan Godean, Kabupaten Sleman, Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Sekolah kasebut kapilih amargi siswa kelas VIII dereng sadayanipun saged maos waosan sinerat mawi aksara Jawa.

## 2. Wekdal panaliten

Panaliten menika katindakaken ing wekdal wulangan basa Jawi jumbuh kaliyan *jadwal*-ipun bab menika supados siswa ngraosaken wulangan basa Jawi kados padatanipun. Panaliten menika katindakaken kanthi wekdal 7 minggu, inggih menika saking wulan Januari dumugi Maret 2014. Wondene sadayanipun katindakaken miturut jadwal wulangan basa Jawi ing kelas VIII A saha kelas VIII F. *Jadwal* anggenipun mendhet *data* kaserat kanthi *wujud tabel* wonten ing ngandhap menika.

**Tabel 4: Jadwal Anggenipun Mendhet Data**

<b>No.</b>	<b>Subjek</b>	<b>Kegiatan</b>	<b>Dinten/tanggal</b>	<b>Wekdal</b>
1	Kelas VIII E	<i>Uji instrumen</i>	Rabu, 29-1-2014	12.00-13.20 <i>Wib</i>
2	Kelas VIII F	<i>Pre-test</i>	Kamis, 6-2-2014	08.20-09.40 <i>Wib</i>
3	Kelas VIII A	<i>Pre-test</i>	Sabtu, 8-2-2014	09.00-10.20 <i>Wib</i>
4	Kelas VIII F	Wulangan	Kamis, 13-2-2014	08.20-09.40 <i>Wib</i>
5	Kelas VIII A	Wulangan	Sabtu, 15-2-2014	09.00-10.20 <i>Wib</i>
6	Kelas VIII F	Wulangan	Kamis, 20-2-2014	08.20-09.40 <i>Wib</i>
7	Kelas VIII A	Wulangan	Sabtu, 22-2-2014	09.00-10.20 <i>Wib</i>
8	Kelas VIII F	Wulangan	Kamis, 27-2-2014	08.20-09.40 <i>Wib</i>
9	Kelas VIII A	Wulangan	Sabtu, 1-3-2014	09.00-10,20 <i>Wib</i>
10	Kelas VIII F	<i>Post-test</i>	Kamis, 6-3-2014	08.20-09.40 <i>Wib</i>
11	Kelas VIII A	<i>Post-test</i>	Sabtu, 8-3-2014	09.00-10.20 <i>Wib</i>

## F. Prosedur Penelitian

*Prosedur* panaliten ing panaliten menika ngewrat tigang prakawis, inggih menika *pengukuran* saderengipun *eksperimen*, nindakaken *eksperimen*, saha *pengukuran* sasampunipun *eksperimen*. Wondene *prosedur* panaliten dipunandharaken ing ngandhap manika.



## **1. Pengukuran saderengipun Eksperimen**

Saderengipun *eksprimen*, panaliti ngawontenaken *pre-test* ingkang arupi *tes* kaprigelan maos waosan ingkang sinerat mawi aksara Jawa tumrap kelas VIII A (*kelompok metode make a match*) saha kelas VIII F (*kelompok metode picture and picture*). *Pre-test* dipuntindhakaken kanthi ancas kangge mangretosi kaprigelan maos saking *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*. Salajengipun, saking *skor pre-test kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* dipun-*analisis* ngginakaken *rumus uji-t*.

*Uji-t data* saking *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* katindakaken kangge mangretosi wontenipun *perbedaan* kaprigelan maos saking kalih *kelompok* kasebut. Pramila, antawisipun *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* kawiwitan saking *titik tolak* ingkang sami.

## **2. Pelaksanaan Eksperimen**

Sasampunipun kalih *kelompok* kasebut dipunsukani *pre-test* saha sampun katawis kaprigelanipun maos waosan ingkang sinerat mawi aksara Jawa, lajeng dipunwontenaken *perlakuan* utawi *treatment* tumrap kelas VIII A saha kelas VIII F. Kelas VIII A dipunwulang kanthi *metode make a match*, ingkang kelas VIII F dipunwulang kanthi *metode picture and picture*. Urut-urutaning *perlakuan* kaandharaken ing ngandhap menika.

### **a) Kelas VIII A**

Wulangan maos waosan aksara Jawa ing kelas VIII A menika ngginakaken *metode make a match*. Wondene urut-urutaning *metode make a match* kaandharaken ing ngandhap menika.

- 1) guru nyamektakaken kertu ingkang wosipun ngewrat bab *pertanian tradisional*.  
Satunggal kertu dipunserati pitakenan ngginakaken aksara Jawa, satunggal kertu malih dipunserati wangsulun ngginakaken aksara jawa,
- 2) saben siswa angsal satunggal kertu,
- 3) saben siswa sami mikir ngegingi wangsulun utawi pitakenan saking kertu kasebut,
- 4) saben siswa madosi pasanganipun ngginakaken kertu ingkang sampun dipunbekta kalawau, pasanganipun kertu A saha kertu B,
- 5) siswa ugi saged ngempal kaliyan kalih utawi tigang siswa ingkang gadhah kertu ingkang jumbuh,
- 6) siswa ingkang saged njumbuhaken kertunipun saderengipun wates wekdal saking guru, dipunparingi *skor*,
- 7) sasampunipun satunggal *babak*, kertu dipunkocok malih supados siswa saged pikantuk kertu ingkang beda kaliyan kartu *babak* saderengipun,
- 8) salajengaken lampahing pasinaon menika dipunambali ngantos sadasa *babak*,
- 9) dipunpungkasi dudutan utawi panutup.

**b) Kelas VIII F**

Wulangan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ing kelas VIII F menika ngginakaken *metode picture and picture*. Wondene urutaning *metode picture and picture* kaandharaken ing ngandhap menika.

- 1) guru ngandharaken *kompetensi* pasinaon ingkang badhe katuju,
- 2) ngandharaken *materi* kanthi bebuka minangka prakawis ingkang wigatos,
- 3) guru maringi tuladha gambar-gambar *pertanian tradisional* ingkang sampun dipunparingi katerangan ngginakaken aksara Jawa,

- 4) guru ndhawuhi siswa satunggal-satunggal supados ngurutaken gambar-gambar dados urutan ingkang *logis*,
- 5) guru mundhut pirsu dhateng siswa pawadan saking urut-urutanipun gambar,
- 6) saking pawadan ngurutaken gambar kasebut, guru miwiti ngandharaken *konsep* utawi *materi* adhedhasar *kompetensi-nipun*,
- 7) siswa dipunajak damel dudutan utawi ngringkes *materi* ingkang sampun kaandharaken.

### **3. Pengukuran sasampunipun Eksperimen**

Sasampunipun dipunwontenaken *pembelajaran* kanthi *metode-metode pembelajaran* tumrap siswa kelas VIII A saha kelas VIII F, kalajengaken dipunwontenaken *post-test*. *Post-test* menika ancasipun kangge mangretosi pangretosaning siswa sasampunipun dipunsukani *perlakuan*. Saking asiling *post-tes* menika, katingal biji-biji saderengipun dipunsukani wulangan kanthi *metode pembelajaran* saha biji sasampunipun dipunwulang kanthi *metode pembelajaran*. Wondene bab menika saged katingal wonten indhak-indhakupun menapa boten tumrap wulangan ingkang ngginakaken *metode pembelajaran* menika.

### **G. Cara Ngempalaken Data**

*Metode* pangempalaning *data* wonten panaliten menika ngginakaken *metode tes*. Miturut Suharsimi-Arikunto (2002:53), *tes* inggih menika piranti utawi cara ingkang dipunginakaken kangge mangretosi utawi ngetang satunggaling perkawis kanthi cara ingkang sampun dipun temtokaken saderengipun. Panaliten menika ngginakaken *tes pilihan ganda*. *Tes pilihan ganda* inggih menika *tes* ingkang cara

anggenipun mangsuli pitakenan kanthi milih salah satunggaling *pilihan* ingkang cumawis.

*Tes* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika wonten kalih inggih menika *pre-test* saha *post-test*. *Pre-test* dipunginakaken kangge madosi *data* kaprigelanipun siswa saderengipun ngecakaken *metode* pasinaon. Wondene *post-test* menika dipunginakaken kangge mangretosi bijinipun siswa sampun ngecakaken *metode* pasinaon, satemah saged mangretosi *keefektivitas* anggenipun ngecakaken *metode* pasinaon.

## **H. Instrumen Panaliten**

*Instumen* wonten ing panaliten menika awujud *kisi-kisi soal pre-test* saha *post-test*. *Kisi-kisi soal pre-test* saha *post-test* ingkang jangkep saged dipunwaos wonten ing *lampiran 7*, kaca 169.

## **I. Uji Coba Instrumen**

*Uji coba instrumen* dipuntindakaken wonten ing SMP N 3 Godean. Kelas ingkang dipunginakaken inggih menika siswa kelas VIII E ingkang boten kalebet *sempel* nanging kalebet populasi. Saderengipun *instrumen* dipunginakaken, prelu dipuntindakaken *uji coba* kangge mangretosi *validitas* utawi *kesahihan* saha *reliabilitas* utawi *keterpercayaan*.

### **a. Uji Validitas instrument**

*Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas isi*. Miturut Nurgiyantoro, (2012: 339), *validitas isi* inggih menika *validitas* ingkang jumbuh kaliyan *deskripsi bahan* ingkang dipunwulangaken utawi *deskripsi* perkawis

ingkang badhe dipuntliti. Ancasipun damel *validitas isi* inggih menika kangge ningali malih utawi *mereview tes* bilih *alat tes* menika sampun *relevan* saha saged nguwaosi bab ingkang dipunkaji.

Urut-urutaning prakawis ingkang badhe katindakaken inggih menika ndamel *soal* adhedhasar *kisi-kisi*, salajengipun saben *soal* dipuntliti dening ahlinipun (*expert judgment*). *Expert judgment* ingkang dipunmaksud wonten panaliten menika, Ibu Hesti Mulyani, M.Hum. saha Ibu Nur Hidayati, M.Hum. minangka *dosen pembimbing*, sarta Ibu Rr. Setya Harjani, S.Pd. minangka guru basa Jawi kelas VIII SMP N 3 Godean.

Satunggaling *tes* saged dipunsebut *validitas* inggil menawi *validitas* saben *soal*-ipun ugi inggil. Pramila, *analisis* saben *soal* dipuntindakaken kangge mangretosi ukuran *validitas* saben *soal*. Wonten panaliten menika *analisis* saben *soal* katindakaken ngginakaken *komputer program iteman*. Wondene titikanipun *validitas soal* kanthi ngginakaken *komputer program iteman* inggih menika makaten. Miturut Nurgiyantoro (2012: 359), *pedoman* anggenipun nemtokaken *validitas* inggih menika makaten.

1) *Indek kesulitan (proposion correct)* angkanipun antawis 0,2 dumugi 0,8,

2) *Daya beda (point biserial)* menawi angkanipun langkung saking 0,20.

Saben *soal* dipunsebut *valid* menawi sampun jumbuh kaliyan *kriteria* ing nginggil kasebut. Wonten panaliten menika *uji instrument* panalitenipun arupi *tes pilihan ganda* ingkang gunggungipun 40 *soal*. Kangge mangretosi *validitas* saking 40 *soal* kasebut, siswa kelas VIII E SMP N 3 Godean ingkang nggarap *tes* kasebut ingkang cacahipun siswa 32. Asiling *uji instrument* kangge *pre-test* saha *post-test* dipun-*analisis* ngginakaken *komputer program iteman*. Saking *analisis* kasebut,

nedahaken bilih wonten 30 soal ingkang *valid* saha 10 soal ingkang *gugur*. Pramila, 30 soal ingkang *valid* menika kaginakaken kangge *pre-test* saha *post-test*. Wondene andharan jangkepupun saged dipunwaos wonten *lampiran 1*, kaca 86.

#### **b. Uji Reliabilitas Instrument**

Miturut Nurgiyantoro, (2012: 341) ngandharaken bilih *reliabilitas* menika ngrunut pangertosan *konsisten pengukuran*, ingkang tegesipun bilih asiling *reliabilitas* ingkang awujud angka menika ndayani dhateng *validitas*-ipun. Pramila, angka *reliabilitas* saged mujudaken *validitas*.

*Uji instrument* ingkang arupi *tes objektif pilihan ganda* kanthi wangsulan ingkang leres saha lepat, kabiji kanthi biji satunggal kangge wangsulan ingkang leres, wondene wangsulan ingkang lepat kabiji *no*. *Uji reliabilitas instrument* katindakaken kanthi pirantos *komputer program iteman*. Asiling etangan saking *program iteman diinterpretasikan* kaliyan tingkat *Alpha*. Miturut Masidjo (1995: 205), *pedoman* anggenipun nemtokaken *reliabilitas* inggih menika makaten.

- 1) saking 0,00 dumugi 0,20: andhap sanget,
- 2) saking 0,21 dumugi 0,40: andhap,
- 3) saking 0,41 dumugi 0,70: cekap,
- 4) saking 0,71 dumugi 0,90: inggil,
- 5) saking 0,91 dumugi 1,00: inggil sanget.

*Uji reliabilitas* ingkang arupi *instrument tes* dipunujekaken dhateng kelas VIII E SMP N 3 Godean. Asiling *uji reliabilitas nilai alpha* inggih menika 0.708 saengga *instrument* saged kasebut cekap *reliabel* dipunginakaken. Salajengipun, saben *soal* ingkang sampun *valid* saha *reliabel* saged dipunginakaken kangge

*instrument penelitian. Asiling etang-etangan ingkang jangkep saged dipunwaos ing lampiran 1, kaca 92.*

## **J. Cara Meganalisis data**

*Teknik analisis data ingkang dipunginakaken inggih menika teknik analisis statistik kanthi komputer program SPSS 16.0. Wondene teknik analisis data menika kaperang dados 3. Andharan-andharan ngengingi analisis data kaandharaken makaten.*

### **1. Uji normalitas**

*Uji Normalitas dipunginakaken kangge mangretosi menapa sampel menika asalipun saking populasi ingkang berdistribusi normal menapa boten. Uji normalitas sebaran dipunginakaken kangge ngetang biji pre-test saha post-test saking kelompok metode make a match menapa dene kelompok metode picture and picture. Uji normalitas-ipun ngginakaken uji Kolmogorov-Smirnov kanthi program SPSS 16.0 saha taraf signifikansi 5%. Wondene andharan jangkepipun saged dipunwaos wonten lampiran 3, kaca 103. Miturut Nurgiantoro (2012: 118), kriteria pengujian-nipun inggih menika makaten.*

- a. menawi  $P > (0,05)$ , data-nipun kalebet *distribusi normal*,
- b. menawi  $P < (0,05)$ , data-nipun boten kalebet *distribusi normal*.

### **2. Uji homogenitas varians**

*Uji homogenitas varians dipunginakaken kangge mangretosi variasi sampel ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika homogen menapa boten. Uji homogenitas dipunginakaken kangge ngetang biji pre-test saha post-test saking*

*kelompok metode make a match* menapa dene *kelompok metode picture and picture*. Wonten panalitan menika *Uji homogenitas varians* nginakaken *uji homogenitas varians satu jalan (One-Way Anova)* kanthi *program SPSS 16.0* saha *taraf signifikansi 5%*. Miturut Nurgiantoro (2012: 236), *kriteria pengujian homogenitas* kaperang dados kalih. Wondene andharan jangkepipun saged dipunwaos wonten *lampiran 3*, kaca 111. Andharan ngengingi jinising *kriteria pengujian homogenitas* inggih menika makaten.

- a. menawi  $Sig > (0,05)$ , *data-nipun kalebet homogen*,
- b. menawi  $Sig < (0,05)$ , *data-nipun boten kalebet homogen*.

### **3. Uji-t**

*Uji-t* wonten panaliten menika ancasipun kangge mangretosi menapa wonten beda ingkang *signifikan* antawisipun *kelompok metode make a match* kaliyan *kelompok metode picture and picture*. *Interpretasi uji-t* inggih menika, menawi nilai *P* langkung alit saking *taraf signifikansi 5% (P < 0.05)*, kanthi makaten wonten beda ingkang *signifikan* antawisipun biji *post-test kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*. Lajeng, menawi nilai *P* langkung alit saking *taraf signifikansi 5% (P < 0.05)*, kanthi makaten *metode make a match* langkung *efektif* dipunginakaken wonten ing pasinaon maos waosan sinerat mawi aksara Jawa. Wondene andharan jangkepipun saged dipunwaos wonten *lampiran 4*, kaca 114.

### **K. Hipotesis Statistik**

*Hipotesis* panaliten inggih menika wangsulane sawatawis dhateng prakawis panaliten, ingkang leres kedah dipun-*uji* rumiyin kanthi cara *empiris* (Rachman,



1993: 44). Adhedhasar andharan ing nginggil, ing panaliten menika dipunandharaken *hipotesis* kados ing ngandhap manika.

$$1. H_a : \mu_1 \neq \mu_2$$

$\mu_1 = \text{metode make a match}$

$\mu_2 = \text{metode picture and picture}$

Tegesipun wonten beda ingkang *signifikan* antawisipun kaprigelan maos waosan waosan sinerat mawi aksara Jawa ingkang ngginakaken *metode make a match* kaliyan *metode picture and picture*.

$$2. H_a : \mu_1 > \mu_2$$

$\mu_1 = \text{metode make a match}$

$\mu_2 = \text{metode picture and picture}$

Tegesipun *metode make a match* langkung *efektif* tinimbang *metode picture and picture* kangge sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa.

## **BAB IV**

### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

#### **A. Deskripsi Panaliten**

Ancasing panaliten menika kangge mangretosi bedanipun *prestasi* sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ngginakaken *metode make a match* kaliyan *metode picture and picture* tumrap kelas VIII SMP N 3 Godean, saha kangge magretosi *keefektifan metode make a match* saha *metode picture and picture* tumrap kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa kelas VIII SMP N 3 Godean. Kangge mangretosi ancasing panaliten menika saged dipuntingali saking *prestasi* sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa antawisipun kelas ingkang dipunwulang ngginakaken *metode make a match* saha kelas ingkang dipunwulang ngginakaken *metode picture and picture*.

*Data* wonten panaliten menika dipunpendhet kanthi tes. Wujudipun *data* wonten panaliten menika arupi *data pre-test* saha *data post-test* kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa kelas VIII SMP N 3 Godean. *Data pre-test* dipunmangretosi saking biji tes ingkang wiwitan. *Pre-test* dipuntindakaken saderengipun siswa dipunparingi *perlakuan*. *Data post-test* dipunmangretosi saking biji tes ingkang pungkasan. *Perlakuan* ingkang dipunkajengaken inggih menika panganggenipun *metode make a match* saha *metode picture and picture*. Sasampunipun kelas dipunsukani *perlakuan*, lajeng panaliti ngawontenaken *post-test*. *Post-test* dipuntindakaken kangge mengertosi asiling pasinaon ngginakaken *metode make a match* saha *picture and picture*.

### 1. *Metode Make a Match*

Kelas ingkang dipunginakaken kangge nindakaken pasinaon *metode make a match* inggih menika kelas Kelas VIII A SMP N 3 Godean. Kathahipun siswa wonten ing kelas ingkang dipunwulangaken ngginakaken *metode make a match* inggih menika 32 siswa. Saderengipun dipunparingi *perlakuan* ngginakaken *metode make a match*, langkung rumiyin siswa dipunparingi soal *pre-test* kangge mengretosi kaprigelanipun maos waosan sinerat mawi aksara Jawa. Sasampunipun para siswa dipunparingi *pre-test*, dipunlajengaken guru ngandharaken *materi* pasinaon maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ngginakaken *metode make a match*.

*Metode* pasinaou *make a match* dipuntindakaken kanthi *kelompok*. Guru merang siswanipun dados tigang *kelompok*. *Kelompok* satunggal minangka *kelompok* ingkang mbekta kertu wosipun pitakenan-pitakenan. *Kelompok* kalih minangka *kelompok* ingkang mbekta kertu wangsulan. Wondene kelompok tiga minangka *kelompok* ingkang mbiji. Kadamel *posisi*-nipun *kelompok-kelompok* kasebut awujud aksara U, *kelompok* sapisan saha *kelompok* kalih kadamel aben ajeng.

Wulangan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ing kelas VIII A menika ngginakaken *metode make a match*. Wondene urutaning *metode make a match* kaandharaken ing ngandhap menika.

a. Guru nyamektakaken kertu ingkang wosipun ngewrat bab *pertanian tradisional*.

Satunggal kertu minangka pitakenan, satunggal kertu malih minangka wangsulan,

b. Saben siswa angsal satunggal kertu,

- c. Saben siswa sami mikir ngegingi wangsulan utawi pitakenan saking kertu kasebut,
- d. Saben siswa madosi pasanganipun ngginakaken kertu ingkang sampun dipunbekta kalawau, pasanganipun kertu A saha kertu B,
- e. Siswa ugi saged nggabung dhateng kalih utawi tigang siswa ingkang gadhah kertu ingkang jumbuh,
- f. Siswa ingkang saged njumbuhaken kertunipun kanthi leres jumbuh kaliyan ingkang cumawis saderengipun gladhen telas, dipunparingi *skor*,
- g. Sasampunipun satunggal *babak*, kertu dipunkocok malih supados siswa saged pikantuk kertu ingkang beda kaliyan kartu *babak* saderengipun,
- h. Kalajengaken lampahing pasinaon menika dipunambali ngantos sedasa *babak*,
- i. Dudutan utawi panutup.

Swasana kelas nalika dipunwulang ngginakaken *metode make a match* menika sae, para siswa sami mirengaken saha nggatekaken. Ananging wonten siswa ingkang dereng saged maos waosan sinerat mawi aksara Jawa kanthi lancar. Sasampunipun dipunparingi panjurung dening guru, siswa menika langkung *aktif* anggenipun sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa. Ing pungkasaning pasinaon menika dipunwontenaken *tes*, inggih menika *post-test*. *Post-test* menika ancasipun kangge mangretosi pangretosaning siswa sasampunipun dipunparingi *perlakuan metode make a match*. Makaten andharan ngengingi *metode make a match* wonten panaliten menika. Wondene, andharan *metode picture and picture* kaandharaken inggandhap menika.

## 2. *Metode Picture and Picture*

Kelas ingkang dipungginakaken kangge nindakaken pasinaon *metode picture and picture* inggih menika kelas VIII F SMP N 3 Godean. Kathahipun siswa wonten ing kelas ingkang dipunwulangaken ngginakaken *metode picture and picture* inggih menika 30 siswa. Saderengipun dipunparingi *perlakuan* ngginakaken *metode picture and picture*, langkung rumihin siswa dipunparingi soal *pre-test* kangge mengertosi kaprigelen maos waosan sinerat mawi aksara Jawa. Sasampunipun para siswa dipunparingi *pre-test*, dipunlajengaken guru ngandharaken *materi* pasinaon maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ngginakaken *metode picture and picture*.

*Metode* pasinau *picture and picture* dipuntindakaken kanthi *kelompok*. Guru merang siswanipun dados 8 *kelompok*. Saben *kelompok* gadhah tanggel jawab ingkang sami, inggih menika siswa dipundhawuhi ngurutaken gambar-gambar kasebut kanthi urutan ingkang jangkep saha *logis* supados saged mujudaken gambar ingkang runtut. *Metode* pasinaon menika ngginakaken *media* gambar salebeting nindakaken pasinaon.

Wulangan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ing kelas VIII F menika ngginakaken *metode picture and picture*. Wondene urutaning *metode picture and picture* kaandharaken ing ngandhap menika.

- a. Guru ngandharaken *kompetensi* pasinaon ingkang badhe katuju,
- b. Ngandharaken *materi* kanthi bebuka minangka prakawis ingkang wigatos,
- c. Guru maringi tuladha gambar-gambar *pertanian tradisional*,
- d. Guru ndhawuhi siswa satunggal-satunggal supados ngurutaken gambar-gambar dados urutan ingkang *logis*,

- e. Guru mundhut pirsu dhateng siswa pawadan saking urut-urutanipun gambar,
- f. Saking pawadan ngurutaken gambar kasebut, guru miwiti ngandharaken *konsep* utawi *materi* adhedhasar *kompetensi-nipun*,
- g. Siswa dipunajak damel dudutan utawi ngringkes *materi* ingkang sampun kaandharaken.

Swasana kelas nalika dipunwulang ngginakaken *metode picture and picture* menika radi rame, beda kaliyan kelas ingkang dipunwulang ngginakaken *metode make a match*. Ananging, sasampunipun dipunparingi *arahan* saha panjurung dening guru, para siswa sami samekta ing materi pamulangan amargi samangke badhe dipunparingi pitakenan saking guru. Ing pungkasan pasinaon dipunwontenaken *tes*, inggih menika *post-test*. *Post-test* menika ancasiun kangge mangretosi pangretosaning siswa sasampunipun dipunsukani *perlakuan metode picture and picture*.

## **B. Asiling Panaliten**

Asilipun panaliten ingkang dipuntindakaken menika ngasilaken *skor* saha biji kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa saking *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*. Asiling panaliten dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

### **1. Uji Prasyarat Analisis**

*Uji prasyarat analisis* wonten panaliten menika ngginakaken *uji normalitas data* saha *uji homogenitas data*. Wondene andharan ngengingi *uji prasyarat analisis data* kaandharaken wonten ngandhap menika.

**a. Uji Normalitas Sebaran Data**

*Uji normalitas* dipunginakaken kangge mangretosi menapa *sampel* asalipun saking *populasi* ingkang *berdistribusi normal* menapa boten. *Data uji normalitas* menika kapanggihaken saking asiling *pre-test* saha *post-test kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*. *Uji normalitas*-ipun ngginakaken *uji kolmogrov-smirnov* kanthi *bantuan komputer program SPSS 16.0*. *Data* ingkang kasebut *distribusi normal* menawi *nilai P*-nipun menika langkung ageng saking *taraf signifikansi 0.05*.

Asiling *uji normalitas sebaran data* kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* kaserat kanthi wujud *tabel* wonten ing ngandhap menika.

**Tabel 5: Asiling Uji Normalitas**

No.	Data	Kolmogrov-s	P	Katrangan
1	<i>Pre-test kelompok metode make a match</i>	0.125	0.20	$P > 0.05 = Normal$
2	<i>post-test kelompok metode make a match</i>	0.132	0,171	$P > 0.05 = Normal$
3	<i>Pre-test kelompok metode picture and picture</i>	0.152	0.77	$P > 0.05 = Normal$
4	<i>post-test kelompok metode picture and picture</i>	0.157	0.57	$P > 0.05 = Normal$

Saking *tabel* ing nginggil nedahaken asiling etangan *data pre-test* saha *post-test* saking *kelompok make a match* saha *kelompok picture and picture*. *Data pre-test kelompok metode make a match*, inggih menika *indeks kolmogorov-smirnov* 0.125 saha  $P = 0.20$ ,  $P > 0.05$  tegesipun *data* kasebut *berdistribusi normal*. *Data post-test kelompok metode make a match*, inggih menika 0.132 saha  $P = 0,171$ ,  $P > 0.05$  tegesipun *data* kasebut *berdistribusi normal*. *Data pre-test kelompok metode*

*picture and picture*, inggih menika *indeks kolmogorov-smirnov* 0.153 saha  $P = 0.77$ ,  $P > 0.05$  tegesipun *data* kasebut *berdistribusi normal*. *Data postes kelompok metode picture and picture*, inggih menika 0.157 saha  $P = 0.57$ ,  $P > 0.05$  tegesipun *data* kasebut *berdistribusi normal*. Saking asiling etangan *normalitas sebaran data* kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa wonten ing *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* menika *data-nipun kalebet berdistribusi normal* sadaya amargi *P-nipun langkung ageng saking taraf signifikansi* 0.05.

#### **b. Uji Homogenitas Varian**

*Uji homogenitas varians* menika kangge mengertosi menapa *sampel* ingkang dipunpendhet saking *populasi* wonten *varians* ingkang sami utawi boten, saha nedahaken beda ingkang signifikan satunggal kaliyan satunggalipun. Wonten panalitan menika *uji homogenitas varians* ngginakaken *uji homogenitas varians satu jalan (One-Way Anova)* kanthi *bantuan komputer program SPSS 16.0*. *Uji homogenitas varian* dipuntindakaken ngginakaken *skor pre-test* saha *postes* ing *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*.

Syarat *data* saged kasebut *homogen* menawi *nilai P-nipun langkung ageng* saking *taraf signifikansi* 0.05. Asiling etangan *uji homogenitas varians data* kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* kaserat kanthi wujud *tabel* wonten ing ngandhap menika.



Tabel 6: Asil Uji Homogenitas

No.	Data	Levene Statistik	Df1	Df2	Sig	Katrangan
1	Pre-test	0.133	1	60	0.716	Sig > 0.05 = Homogen
2	post-test	0.050	1	60	0.824	Sig > 0.05 = Homogen

Data ingkang sampun kaandharaken wonten tabel ing ngiggil saged dipunmangretosi bilih data pre-test saha postes kaprigelam maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ing panaliten menika wonten varian ingkang homogen. Wondene etangan-etanganipun makaten, pre-test levene statistik 0.133 kaliyan  $df1 = 1$ ,  $df2 = 60$ ,  $P = 0.761$ ,  $P > 0.05$  tegesipun data kasebut homogen. Salajengipun, saking biji post-test asiling uji homogenitas pikantuk levene statistik 0.050 kaliyan  $df1 = 1$ ,  $df2 = 60$  saha  $P = 0.824$ ,  $P > 0.05$  tegesipun data kasebut homogen. Biji pre-test saha post-test wonten ing kalih kelompok menika homogen utawi boten wonten varian ingkang beda amargi nilai Signifikansi-nipun langkung ageng saking taraf signifikansi 0.05.

## 2. Deskripsi Data Panaliten

Ancasing panaliten menika kangge mangretosi bedanipun prestasi sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ngginakaken metode make a match kaliyan metode picture and picture tumrap kelas VIII SMP N 3 Godean saha kangge mangretosi kefektifan metode make a match saha picture and picture tumrap kaprigelam maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa kelas VIII SMP N 3 Godean. Asilipun panaliten ingkang dipuntindakaken menika ngasilaken skor saha biji kaprigelam maos waosan sinerat mawi aksara Jawa saking kelompok metode make a match saha kelompok metode picture and picture. Deskripsi asiling panaliten saking kalih kelompok kasebut kaandharaken mekaten.

**a. Deskripsi Data Skor saha Biji Pre-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture**

Data pre-test kelompok metode make a match saha kelompok metode picture and picture kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa kelas VIII SMP N 3 Godean menika dipunetang kanthi bantuan komputer program SPSS 16. Deskripsi data skor saha biji pre-test saking kelompok metode make a match saha kelompok metode picture and picture dipunandharaken kados makaten.

**Tabel 7: Asil Data Statistik Skor Pre-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture**

No.	Kelompok	N	Skor Mak	Skor Min	Mean	Median	Modus
1	Pre-test kelompok metode make a match	32	4	8	5.875	6	5
2	Pre-test kelompok metode picture and picture	30	3	8	5.933	6	6

Data ingkang sampun kaandharaken wonten tabel ing ngiggil saged dipunmangretosi bilih skor pre-test kalih kelompok menika radi sami. Mean kelompok make a match 5.875 wondene mean saking kelompok picture and picture 5.933. Tegesipun, kaprigelan siswa maos waosan sinerat mawi aksara Jawa saking kalih kelompok menika sami amargi menawi mean-nipun dipun-bulat-aken sami inggih menika 5.9.

**Tabel 8: Data Skor saha Biji Pre-test Kelompok Metode Make a match saha Kelompok Metode picture and picture**

<i>Metode Make a Match</i>				<i>Metode Picture and Picture</i>			
<b>No.</b>	<b>Nama</b>	<b>Skor</b>	<b>Biji</b>	<b>No.</b>	<b>Nama</b>	<b>Skor</b>	<b>Biji</b>
1	S-1	7	70	1	S-1	5	50
2	S-2	5	50	2	S-2	7	70
3	S-3	7	70	3	S-3	4	40
4	S-4	6	60	4	S-4	3	30
5	S-5	6	60	5	S-5	7	70
6	S-6	4	40	6	S-6	7	70
7	S-7	8	80	7	S-7	6	60
8	S-8	8	80	8	S-8	8	80
9	S-9	5	50	9	S-9	6	60
10	S-10	7	70	10	S-10	6	60
11	S-11	7	70	11	S-11	5	50
12	S-12	5	50	12	S-12	7	70
13	S-13	5	50	13	S-13	6	60
14	S-14	4	40	14	S-14	7	70
15	S-15	5	50	15	S-15	7	70
16	S-16	7	70	16	S-16	4	40
17	S-17	6	60	17	S-17	5	50
18	S-18	6	60	18	S-18	5	50
19	S-19	6	60	19	S-19	6	60
20	S-20	6	60	20	S-20	6	60
21	S-21	8	80	21	S-21	7	70
22	S-22	6	60	22	S-22	7	70
23	S-23	5	50	23	S-23	4	40
24	S-24	5	50	24	S-24	6	60
25	S-25	4	40	25	S-25	6	60
26	S-26	7	70	26	S-26	6	60
27	S-27	5	50	27	S-27	8	80
28	S-28	7	70	28	S-28	6	60
29	S-29	5	50	29	S-29	6	60
30	S-30	4	40	30	S-30	5	50
31	S-31	6	60				
32	S-32	6	60				

Adhedasar saking *tabel* ing nginggil kapanggihaken *skor saha biji pre-test* saking *kelompok make a match saha kelompok picture and picture*. *Skor saha biji paling inggil saking kalih kelompok menika sami. Skor paling andhap kelompok*

*make amatch* 4 saha biji paling andhap 40. Wondene, skor paling andhap saking kelompok *picture and picture* 3 saha biji paling andhap 30.

**Tabel 9: Asil Data Biji Pre-test Kelompok Metode Make a match saha Kelompok Metode picture and picture**

No.	Kelompok	N	Biji Mak	Biji Min	Mean	Median	Modus
1	<i>Pre-test kelompok metode make a match</i>	32	40	80	58.75	60	50
2	<i>Pre-test kelompok metode picture and picture</i>	30	30	80	59.33	60	60

Data ingkang sampun kaandharaken wonten tabel ing ngiggil saged dipunmangretosi bilih biji *pre-test* kalih kelompok menika radi sami. Mean kelompok *make a match* 58.75 wondene mean saking kelompok *picture and picture* 59.33. Tegesipun, kaprigelan siswa maos waosan sinerat mawi aksara Jawa saking kalih kelompok menika sami amargi menawi mean-nipun dipun-bulat-aken sami inggih menika 59.


### 1) Data Skor saha Biji Pre-test Kelompok Metode Make a Match

Asiling data skor *pre-test* kelompok metode *make a match* kapanggihaken skor paling andhap = 4 saha skor paling inggil = 8. Skor etang-etangan mean = 5.875, Median = 6, Modus = 6. Biji paling andhap = 40 saha biji paling inggil = 80. Skor etang-etangan mean = 58,75, median = 60, modus = 50. Data-data-nipun menika dipunetang kanti bantuan komputer program SPSS 16. Asiling etangan ingkang jangkup kaserat kanthi wujud tabel ing ngandhap manika.

**Tabel 10: Distribusi Frekuensi Skor Pre-test Kelompok Metode Make a match**

No.	Skor	Frekuensi	Frekuensi %	Cumulative %
1	4	4	12.5	12.5
2	5	9	28.1	40.6
3	6	9	28.1	68.8
4	7	7	21.9	90.6
5	8	3	9.4	100
Total		32	100	

Data skor pre-test kelompok metode make a match saking tabel 10 ing nginggil, kaserat kanthi wujud *histogram* ing ngandhap menika.



**Gambar 3: Histogram Distribusi Frekuensi Skor Pre-test Kelompok Metode Make a Match**


Adhedhasar andharan saking tabel 10 saha *histogram* gambar 3 ing nginggil saged dipunandharaken bilih skor paling andhap saking data pre-test kelompok metode make a match) inggih menika = 4, subjek-ipun 4 siswa, presentase 12.5%, presentase comulative 12.5%. Skor paling inggil pre-test kelompok metode make a match inggih menika = 8, subjek-ipun 3 siswa. Presentase 9,4%, presentase

comulative 100%, skor tengah (median) inggih menika 6, frekuensi 9, presentase 28.1%, presentase comulative 68.8% .

**Tabel 11: Distribusi Frekuensi Biji Pre-test Kelompok Metode Make a match**

No.	Biji	Frekuensi	Frekuensi %	Cumulative %
1	40	4	12.5	12.5
2	50	9	28.1	40.6
3	60	9	28.1	68.8
4	70	7	21.9	90.6
5	80	3	9.4	100
Total		32	100	

Data biji pre-test kelompok metode make a match saking tabel 11 ing nginggil, kaserat kanthi wujud *histogram* ing ngandhap menika



**Gambar 4: Histogram Distribusi Frekuensi Biji Pre-test Kelompok Metode Make a Match**

Adhedhasar andharan saking tabel 11 saha *histogram* gambar 4 ing nginggil saged dipunandharaken bilih biji paling andhap saking data pre-test kelompok metode make a match inggih menika = 40, subjek-ipun 4 siswa, presentase 12.5%,

*presentase comulative 12.5%. Biji paling inggil pre-test kelompok metode make a match inggih menika = 80, subjek-ipun 3 siswa. Presentase 9,4%, presentase comulative 100%, biji tengah (median) inggih menika 60, frekuensi 9, presentase 28.1%, presentase comulative 68.8% .*


## **2) Data Skor saha Biji Pre-test Kelompok Metode Picture and Picture**

Deskripsi data asilipun pre-test kelompok metode picture and picture kapanggihaken skor paling andhap 3 saha skor paling inggil 8. Wondene skor mean = 5.933. Biji paling ngandhap = 30 saha biji paling inggil = 80, etang-etanganipun mean kapanggihaken = 59.33, median = 60, modus = 60. Data menika dipunentang kanthi bantuan komputer program SPSS 16. Asiling etangan ingkang jangkep kaserat kanthi wujud tabel ing ngandhap menika.

**Tabel 12: Deskripsi Distribusi Frekuensi Skor Pre-test Kelompok Metode Pictur and Picture**

<b>No.</b>	<b>Skor</b>	<b>Frekuensi</b>	<b>Frekuensi %</b>	<b>Comulative %</b>
1	3	1	3.3	3.3
2	4	3	10.0	13.3
3	5	5	16.7	30.0
4	6	11	36.7	66.7
5	7	8	26.7	99.3
6	8	2	6.7	100
Total		30	100	

*Data skor pre-test kelompok metode picture and picture saking tabel 12 ing nginggil kaserat kanthi wujud histogram ing ngandhap menika.*



Gambar 5: *Histogram Distribusi Frekuensi Skor Pre-test Kelompok Metode picture and picture*


Adhedhasar saking tabel 11 saha histogram gambar 4 ing nginggil saged dipunandharaken bilih skor paling andhap saking data pre-test kelompok metode picture and picture inggih menika = 3, subjek-ipun 1 siswa, presentase 3,3%, presentase comulative 3.3%. Skor paling inggil pre-test kelompok metode picture and picture inggih menika = 8, subjek-ipun 2 siswa. Presentase 6,7%, presentase comulative 100%. skor tengah (median) inggih menika 60, frekuensi 11, presentase 36,7% presentase comulative 66.7% .

Tabel 13: *Deskripsi Distribusi Frekuensi Biji Pre-test Kelompok Metode Pictur and Picture*

No.	Biji	Frekuensi	Frekuensi %	Comulative %
1	30	1	3.3	3.3
2	40	3	10.0	13.3
3	50	5	16.7	30.0
4	60	11	36.7	66.7
5	70	8	26.7	99.3
6	80	2	6.7	100
Total		30	100	



Data skor pre-test kelompok metode picture and picture saking tabel 13 ing nginggil kaserat kanthi wujud *histogram* ing ngandhap menika.



Gambar 6: ***Histogram Distribusi Frekuensi Skor Pre-test Kelompok Metode picture and picture***

Adhedhasar saking tabel 13 saha *histogram* gambar 6 ing nginggil saged dipunandharaken bilih biji paling andhap saking data pre-test kelompok metode picture and picture inggih menika = 30, subjek-ipun 1 siswa, presentase 3,3%, presentase comulative 3.3%. Biji paling inggil pre-test kelompok metode picture and picture inggih menika = 80, subjek-ipun 2 siswa. Presentase 6,7%, presentase comulative 100%. skor tengah (median) inggih menika 60, frekuensi 11, presentase 36,7% presentase comulative 66.7% .

**b. Deskripsi Data Skor saha Biji Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture**

Deskripsi asiling penelitian data post-test kelompok metode make a match saha kelompok metode picture and picture kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa kelas VIII SMP N 3 Godean, data saking post-test kalih

kelompok menika dipunetang kanthi bantuan komputer program SPSS 16. Deskripsi data skor saha biji post-test kelompok metode make a match saha kelompok metode picture and pictur dipunandharaken kados makaten.

**Tabel 14: Asil Data Statistik Skor Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture**

No.	Kelompok	N	Skor Mak	Skor Min	Mean	Median	Modus
1	Post-test kelompok metode make a match	32	12	18	15.21	15	16
2	Post-test kelompok metode picture and picture	30	12	17	14.30	14	14

Adhedasar data ing nginggil skor metode make a match menika wonten dayanipun. Saking kalih kelompok menika skor kelompok metode make a match rata-ratanipun langkung ageng tinimbang kelompok metode picture and picture. Rata-rata kelompok metode make a match inggih menika 15.21 wondene mean saking kelompok metode picture and picture inggih menika 14.30.

**Tabel 15: Data Skor saha Biji Post-test Kelompok Metode Make a match saha Kelompok Metode picture and picture**

Metode Make a Match				Metode Picture and Picture			
No.	Nama	Skor	Biji	No.	Nama	Skor	Biji
1	S-1	15	75	1	S-1	16	80
2	S-2	14	70	2	S-2	14	70
3	S-3	16	80	3	S-3	16	80
4	S-4	16	80	4	S-4	12	60
5	S-5	17	85	5	S-5	15	75
6	S-6	13	65	6	S-6	13	65
7	S-7	16	80	7	S-7	16	80
8	S-8	16	80	8	S-8	14	70
9	S-9	16	80	9	S-9	13	65
10	S-10	15	75	10	S-10	15	75
11	S-11	17	85	11	S-11	12	60
12	S-12	13	65	12	S-12	17	85
13	S-13	15	75	13	S-13	15	75
14	S-14	14	70	14	S-14	14	70

tabel salajengipun

<i>Metode Make a Match</i>				<i>Metode Picture and Picture</i>			
<b>No.</b>	<b>Nama</b>	<b>Skor</b>	<b>Biji</b>	<b>No.</b>	<b>Nama</b>	<b>Skor</b>	<b>Biji</b>
15	S-15	16	80	15	S-15	12	60
16	S-16	14	70	16	S-16	15	75
17	S-17	15	75	17	S-17	17	85
18	S-18	12	60	18	S-18	12	60
19	S-19	18	90	19	S-19	14	70
20	S-20	14	70	20	S-20	15	75
21	S-21	16	80	21	S-21	14	70
22	S-22	15	75	22	S-22	15	75
23	S-23	15	75	23	S-23	12	60
24	S-24	14	70	24	S-24	15	75
25	S-25	16	80	25	S-25	14	70
26	S-26	17	85	26	S-26	14	70
27	S-27	15	75	27	S-27	15	75
28	S-28	18	90	28	S-28	14	70
29	S-29	16	80	29	S-29	14	70
30	S-30	12	60	30	S-30	15	75
31	S-31	15	75				
32	S-32	18	80				

Adhedasar saking *tabel* ing nginggil kapanggihaken *skor* saha *biji post-test* saking *kelompok make a match* saha *kelompok picture and picture*. Asiling *post-test* *kelompok make a match*, kapanggihaken *skor minimal* 12, *skor maksimal* 18, *biji minimal* 60, *biji maksimal* 90. Wondene, asiling *post-test* *kelompok picture and picture*, kapanggihaken *skor minimal* 12, *skor maksimal* 17, *biji minimal* 60, *biji maksimal* 85.

**Tabel 16: Asil Data Biji Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture**

<b>No.</b>	<b>Kelompok</b>	<b>N</b>	<b>Biji Mak</b>	<b>Biji Min</b>	<b>Mean</b>	<b>Median</b>	<b>Modus</b>
1	<i>Post-test kelompok metode make a match</i>	32	60	90	76.09	75	80
2	<i>Post-test kelompok metode picture and picture</i>	30	60	85	71.5	70	79

Wonten ing *data* ing nginggil biji *metode make a match* menika wonten dayanipun. Saking kalih *kelompok* menika, biji *metode make a match* rata-ratanipun (*mean*) langkung ageng tinimbang *kelompok metode picture and picture*. Nilai rata-rata *kelompok metode make a match* inggih menika = 76.09 wondene rata-rata *kelompok metode picture and picture* inggih menika = 71,5.


### 1) **Data Skor saha Biji Post-test Kelompok Metode Make a Match**

*Deskripsi data* asilipun *pre-test kelompok metode make a match*) inggih menika skor paling ngandhap = 12 saha skor paling inggil = 18. *Skor mean* = 15.21, *median* = 15, *modus* = 16. Biji paling andhap = 60 saha biji paling inggil = 90. Wondene *mean* = 76,09, *median* = 75, *modus* = 80. *Data* menika dipunetang kanthi *bantuan komputer program SPSS 16*. Asiling etangan ingkang jangkep kaserat kanthi wujud *tabel* ing ngandhap menika.

**Tabel 17: Distribusi Frekuensi Skor Post-test Kelompok Metode Make a Match**

<b>No.</b>	<b>Skor</b>	<b>Frekuensi</b>	<b>Frekuensi %</b>	<b>Comulative %</b>
1	12	2	6.2	6.2
2	13	2	6.2	12.5
3	15	5	15.6	28.1
4	15	8	25.0	53.1
5	16	10	31.2	84.4
6	17	3	9.4	93.8
7	18	2	6.2	100
Jumlah		32	100	

*Data skor post-test kelompok metode make a match* saking *tabel 15* wonten ing nginggil, kaserat kanthi wujud *histogram* ing ngandhap menika.




Gambar 7: *Histogram Distribusi Frekuensi Skor Post-test Kelompok Metode Make a Match*

Adhedhasar saking tabel 17 saha histogram gambar 7 ing nginggil saged dipunandharaken bilih skor paling andhap saking data post-test kelompok metode make a match inggih menika 12, subjek-ipun 2 siswa, presentase 6,2%, presentase comulative 6.2%. Skor paling inggil post-test kelompok metode make a match inggih menika 18, subjek-ipun 2 siswa, presentase 6,2%, presentase comulative 100%, skor tengah (median) inggih menika 15, frekuensi 8, presentase 25%, presentase comulative = 53.1.

Tabel 18: *Distribusi Frekuensi Biji Post-test Kelompok Metode Make a Match*

No.	Biji	Frekuensi	Frekuensi %	Comulative %
1	60	2	6.2	6.2
2	65	2	6.2	12.5
3	70	5	15.6	28.1
4	75	8	25.0	53.1
5	80	10	31.2	84.4
6	85	3	9.4	93.8
7	90	2	6.2	100
Jumlah		32	100	

Data skor post-test kelompok metode *make a match* saking tabel 15 wonten ing nginggil, kaserat kanthi wujud *histogram* ing ngandhap menika.



Gambar 18: ***Histogram Distribusi Frekuensi Biji Post-test Kelompok Metode Make a Match***

Adhedhasar saking tabel 18 saha *histogram* gambar 8 ing nginggil saged dipunandharaken bilih biji paling andhap saking data post-test kelompok metode *make a match* inggih menika 60, subjek-ipun 2 siswa, presentase 6,2%, presentase comulative 6.2%. Skor paling inggil post-test kelompok metode *make a match* inggih menika 90, subjek-ipun 2 siswa, presentase 6,2%, presentase comulative 100%, skor tengah (*median*) inggih menika 75, frekuensi 8, presentase 25%, presentase comulative = 53.1.

## 2) Data Skor saha Biji Post-test Kelompok *Picture and Picture*


Deskripsi data asilipun pre-test kelompok metode *picture and picture* inggih menika skor paling andhap 12 saha skor paling inggil 17. Skor mean 14.3, median = 14, modus = 14. Biji paling andhap 60 saha biji paling inggil 85. mean 71.5, median = 70, modus = 70. data menika dipunetang kanthi bantuan komputer

program SPSS 16. Asiling etangan ingkang jangkep kaserat kanthi wujud *tabel* ing ngandhap menika.

**Tabel 19: Deskripsi Frekuensi Skor Post-test Kelompok Metode Picture and Picture**

No.	Skor	Frekuensi	Frekuensi %	Comulative %
1	12	5	16.7	16.7
2	13	2	6.7	23.3
3	14	9	30.0	53.3
4	15	9	30.0	83.3
5	16	3	10.0	93.3
6	17	2	6.7	100
Jumlah		30	100	

Data skor post-test kelompok metode picture and picture saking tabel 16 wonten ing nginggil, kaserat kanthi wujud *histogram* ing ngandhap menika.



**Gambar 9: Histogram Distribusi Frekuensi Skor Post-test Kelompok Metode Picture and Picture**


Adhedasar saking tabel 19 saha histogram gambar 9 ing nginggil saged dipuntingali bilih skor paling andhap saking data post-test kelompok metode picture

and picture inggih menika = 12, subjek-ipun 5 siswa, presentase 16,7%, presentase comulative 16,7%. Skor paling inggil post-test kelompok metode picture and picture inggih menika = 17, subjek-ipun 2 siswa, presentase 6,7% presentase comulative 100%, nilai tengah (median) inggih menika 14, frekuensi 9, presentase 30%, presentase comulative 53.3%.

**Tabel 20: Deskripsi Frekuensi Biji Post-test Kelompok Metode Picture and Picture**

No.	Biji	Frekuensi	Frekuensi %	Comulative %
1	60	5	16.7	16.7
2	65	2	6.7	23.3
3	70	9	30.0	53.3
4	75	9	30.0	83.3
5	80	3	10.0	93.3
6	85	2	6.7	100
Jumlah		30	100	

Data biji post-test kelompok metode picture and picture saking tabel 16 wonten ing nginggil, kaserat kanthi wujud *histogram* ing ngandhap menika.



**Gambar 10: Histogram Distribusi Frekuensi Biji Post-test Kelompok Metode Picture and Picture**



Adhedhasar saking *tabel 20* saha *histogram* gambar 10 ing nginggil saged dipunandharaken bilih biji paling andhap saking *data post-test kelompok metode picture and picture* inggih menika = 60, *subjek-ipun 5 siswa, presentase 16,7%, presentase comulative 16,7%*. Biji paling inggil *post-test kelompok metode picture and picture* inggih menika = 85, *subjek-ipun 2 siswa, presentase 6,7% presentase comulative 100%, nilai tengah (median) inggih menika 70, frekuensi 9, presentase 30%, presentase comulative 53.3%*.

### **3. Analisis Data**

*Analisis data* dipuntindakaken kangge nguji *hipotesis* panaliten kanthi ngginakaken *uji-t*. *Uji-t* dipunginakaken kangge nguji menapa biji rata-rata saking *kelompok metode make a match* saha saking *kelompok metode picture and picture* wonten beda ingkang *signifikan* menapa boten. *Analisis data* dipunginakaken kangge mangretosi beda saha *efektivitas* panganggenipun *metode make a match* saha *metode picture and picture* tumrap kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa kelas VIII SMP N 3 Godean. *Analisis data* menika dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

#### **a. Uji-t Data Pre-test Kelompok Metode Make A Match saha Pre-test Kelompok Metode Picture And Picture**

*Uji-t data pre-test* kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa antawisipun *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* dipuntindakaken kangge mangretosi kaprigelan utawi *prestasi* wiwitan saking kalih *kelompok* menika, menapa wonten bedanipun *prestasi* maos waosan

sinerat mawi aksara Jawa menapa boten. Asiling etangan *uji-t* ingkang jangkep kaserat kanthi wujud *tabel* ing ngandhap menika.

**Tabel 21: Asil Uji-t Biji Pre-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture**

<i>Data</i>	<i>T<sub>hitung</sub></i>	<i>Df</i>	<i>P</i>	<b>Katrangan</b>
<i>Pre-test</i>	0.192	60	0.848	$P > 0.05 =$ Boten Signifikan

*Tabel* ing nginggil nedahaken bilih etangan ngginakaken *rumus uji-t* kaliyan komputer program SPSS 16 inggih menika  $t_{hitung} = 0.192$ ,  $df = 60$ , taraf signifikansi 5%. Nilai  $P = 0.848$ , nilai  $P$  menika langkung ageng saking taraf signifikansi 0.05. Kanthi makaten asilipun *uji-t data pre-test* nedahaken boten wonten bedanipun antawisipun kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa wonten ing kelompok metode *make a match* saha kelompok metode *picture and picture*, amargi  $P (0,848) > 0.05$ . Tegesipun, kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa antawisipun kelompok metode *make a match* saha kelompok metode *picture and picture* siswa kelas VIII SMP N 3 Godean menika sami.

#### **b. Uji-t Skor Pre-test saha Post-test Kelompok Metode Make a Match**

*Uji-t data pre-test* saha *post-test* kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa kelompok metode *make a match* dipuntindakaken kangge mangretosi bedanipun biji saking wiwitan dumugi pungkasan kelompok kasebut, menapa wonten bedanipun kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa utawi boten. Asiling etangan *uji-t* ingkang jangkep kaserat kanthi wujud *tabel* ing ngandhap menika.

Tabel 22: Uji-t Biji Pre-test saha Post-test Kelompok Metode Make a Match

<i>Data</i>	<i>T<sub>hitung</sub></i>	<i>Df</i>	<b>P</b>	<b>Katrangan</b>
<i>Pre-test saha post-test kelompok metode make a match</i>	9.105	31	0.000	$P < 0.05 = \text{Signifikan}$

Tabel ing nginggil nedahaken bilih etangan ngginakaken rumus Uji-t kaliyan komputer program SPSS 16 inggih menika  $t_{hitung} = 9.105$ ,  $df = 31$ , taraf signifikansi 5%. Lajeng nilai  $P = 0.000$ , nilai  $P$  nedahaken langkung alit saking taraf signifikansi 0.05. Kanthi makaten asilipun Uji-t data pre-test saha post-test nedahaken wonten bedanipun antawisipun kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa wonten ing kelompok metode make a match, amargi  $P (0.000) < 0.05$ . Tegesipun, kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa kelompok metode make a match tumrap siswa kelas VIII SMP N 3 Godean menika wonten dayanipun.

### c. Uji-t Biji Pre-test saha Post-test Kelompok Metode Picture and Picture

Uji-t data pre-test saha post-test kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa kelompok metode picture and picture dipuntindakaken kangge mangretosi beda antawisipun wiwitan saha pungkasan ing maos kelompok kasebut, menapa kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa wonten bedanipun utawi boten. Asiling etangan uji-t ingkang jangkep kaserat kanthi wujud tabel ing ngandhap menika.

Tabel 23: Uji-t Biji Pre-test saha Post-test Kelompok Metode Picture and Picture

<i>Data</i>	<i>T<sub>hitung</sub></i>	<i>Df</i>	<b>P</b>	<b>Katrangan</b>
<i>Pre-test saha post-test kelompok Metode Picture and Picture</i>	5.083	29	0.000	$P < 0.05 = \text{Signifikan}$

Tabel ing nginggil nedahaken bilih etangan ngginakaken rumus uji-t kaliyan komputer program SPSS 16 inggih menika  $t_{hitung} 5.083$ ,  $df = 29$ , taraf signifikansi 5%. Lajeng nilai  $P = 0.000$ , nilai  $P$  nedahaken langkung alit saking taraf signifikansi 0.05. Kanthi makaten asilipun uji-t data pre-test saha post-test nedahaken wonten bedanipun antawisipun kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa wonten ing kelompok metode picture and picture, amargi  $P (0.000) < 0.05$ . Tegesipun, kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa kelompok metode picture and picture tumrap siswa kelas VIII SMP N 3 Godean menika wonten dayanipun.

**d. Uji-t Data Post-test Kelompok Metode Make A Match saha Kelompok Metode Picture and Picture**

Uji-t data post-test kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa antawisipun kelompok metode make a match saha kelompok metode picture and picture dipuntindakaken kangge mangretosi kaprigelan utawi prestasi pungkasan saking kalih kelompok kasebut, menapa prestasi maos waosan sinerat mawi aksara Jawa wonten bedanipun menapa boten. Asiling etangan uji-t ingkang jangkep kaserat kanthi wujud tabel ing ngandhap menika.

**Tabel 24: Asil Uji-t Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture**

<b>Data</b>	<b>T<sub>hitung</sub></b>	<b>Df</b>	<b>P</b>	<b>Katrangan</b>
<i>Post-test</i>	2.477	60	0.016	$P < 0.05 = \text{Signifikan}$

Tabel ing nginggil nedahaken bilih etangan ngginakaken rumus uji-t kaliyan komputer program SPSS 16 inggih menika  $t_{hitung} = 2.477$ ,  $df = 60$ , taraf signifikansi 5%. Nilai  $P = 0.016$ , nilai  $P$  menika langkung alit saking taraf signifikansi 0.05.

Kanthi makaten asilipun *uji-t data post-test* nedahaken wonten bedanipun antawisipun kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa wonten ing *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*, amargi  $P (0,016) < 0.05$ . Tegesipun, kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa antawisipun *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* siswa kelas VIII SMP N 3 Godean menika wonten dayanipun.

#### 4. Asiling Uji Hipotesis

##### a. Asiling Uji Hipotesis ingkang Sapisan

*Hipotesis* ingkang sapisan saking panaliten menika makaten, "wonten beda ingkang *signifikan* antawisipun kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa kelas VIII SMP N 3 Godean ingkang ngginakaken *metode make a match* saha *metode picture and picture*". *Hipotesis* ingkang sapisan dipunuji kanthi ningali asil *uji-t* ing *data skor post-test kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*. Wondene, asiling etangan *uji-t* ingkang jangkep kaserat kanthi wujud *tabel* ing ngandhap menika.

**Tabel 25: Asil Uji-t Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Metode Picture and Picture**

<i>Data</i>	<i>T<sub>hitung</sub></i>	<i>Df</i>	<b>P</b>	<b>Katrangan</b>
<i>Post-test</i>	2.477	60	0.016	$P < 0.05 = \text{Signifikan}$

*Tabel* ing nginggil nedahaken bilih etangan ngginakaken *rumus uji-t* kaliyan komputer program SPSS 16 inggih menika  $t_{hitung} = 2.477$ ,  $df = 60$ , *taraf signifikansi* 5%. Nilai  $P = 0.016$ , nilai  $P$  menika langkung alit saking *taraf signifikansi* 0.05. Mila asilipun *uji-t data post-test* nedahaken wonten bedanipun kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa wonten ing *kelompok metode make a match* saha

kelompok metode *picture and picture*, amargi  $P (0,016) < 0.05$ . saking tabel menika saged dipundudut bilih hipotesis "wonten beda ingkang signifikan antawisipun kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa kelas VIII SMP N 3 Godean ingkang ngginakaken metode *make a match* saha metode *picture and picture*" menika dipuntampi.

#### **b. Asiling Uji Hipotesis ingkang Kaping Kalih**

*Hipotesis* ingkang kaping kalih saking panaliten menika ngandharaken "metode *make a match* langkung efektif tinimbang metode *picture and picture* kangge sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa". *Hipotesis* ingkang kaping kalih dipunuji kaliyan ningali asiling *uji-t* wonten ing *data pre-test* saha *post-test* kelompok metode *make a match*. Asiling etangan *uji-t* ingkang jangkep kaserat kanthi wujud *tabel* ing ngandhap menika.

**Tabel 26: Uji-t Biji Pre-test saha Post-test Kelompok Metode Make a Match saha Kelompok Picture and Picture**

<i>Data</i>	<i>T<sub>hitung</sub></i>	<i>Df</i>	<i>P</i>	<b>Katrangan</b>
<i>Pre-test saha post-test kelompok metode make a match</i>	9.105	31	0.000	$P < 0.05 = \text{Signifikan}$
<i>Pre-test saha post-test kelompok Metode Picture and Picture</i>	5.083	29	0.000	$P < 0.05 = \text{Signifikan}$

*Tabel* ing nginggil nedahaken bilih etangan ngginakaken rumus *uji-t* kaliyan komputer program SPSS 16. Asiling *uji-t* data *pre-test* saha *post-test* kelompok metode *make a match* kapanggihaken  $t_{hitung} = 9.105$  mawi  $df = 31$  saha  $P = 0.000$ . Asiling *uji-t* data *pre-test* saha *post-test* kelompok *picture and picture* kapanggihaken  $t_{hitung} = 5.083$  mawi  $df = 29$  saha  $P = 0.00$ . Angkanipun  $P$  langkung alit tinimbang taraf signifikansi 5%. Pramila asilipun *uji-t* data *pre-test* saha *post-*

*test* nedahaken kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa ing *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* wonten bedanipun. Saking *tabel* menika saged dipundudut bilih *hipotesis-ipun* ”*metode make a match* langkung *efektif* tinimbang *metode picture and picture* kangge sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa” menika dipuntampi.

### C. Pirembagan Asiling Panaliten

#### 1. Bedanipun Kaprigelan Maos Waosan Sinerat mawi Aksara Jawa Antawisipun *Kelompok Metode Make A Match* saha *Kelompok Metode Picture and Picture*

Panaliten menika ancasipun badhe ngandharaken beda ingkang *signifikan* antawisipun *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*. Bedanipun menika saged dipunmangretosi saking kawontenan wiwitan saha kawontenan pungkasan saking *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* sasampunipun dipunparingi *perlakuan*.

Saderengipun *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* dipunparingi *perlakuan*, panaliti nindakaken *pre-test* rumiyin. Dipunparingi *pre-test* ancipun kangge mangretosi *prestasi* wiwitan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa. *Pre-test* ingkang dipunginakaken wonten ing *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* menika sami, inggih menika tes kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa, ingkang *tes-ipun objektif pilihan ganda*.

Asiling *pre-test* *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*. Biji *pre-test* paling inggil wonten ing *kelompok metode make a match* inggih menika 80, biji paling andhap = 40, *mean* = 58.75, *median* = 60,

*modus* = 50. Biji *pre-test* wonteng ing *kelompok metode picture and picture* paling inggil inggih menika 80, biji paling andhap = 30, *mean* = 59.33, *median* = 60, *modus* = 60. *Skor pre-test* paling inggil wonten ing *kelompok metode make a match* inggih menika 8, *skor* paling andhap = 4, *mean* = 5.875, *median* = 6, *modus* = 5. *Skor pre-test* paling inggil wonten ing *kelompok picture and picture* inggih menika 8, *skor* paling andhap = 3, *mean* = 5.933, *median* = 6, *modus* = 6.

Sasampunipun mendhet *data*, dipunlajengaken *analisis data* ngginakaken *uji-t*. *Analisis data* dipuntindakaken kangge nandingaken *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*. *Analisis data pre-test* ancasipun kangge mangretosi kaprigelan wiwitan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa saking kalih *kelompok* kasebut. Saking *analisis* ngginakaken *uji-t* dipunmangretosi  $t_{hitung} = 0.192$ ,  $df = 60$ , *taraf signifikansi* 0.05. Nilai  $P = 0.848$  langkung ageng saking *taraf signifikansi* 0.05. Kanthi makaten asiling *uji-t* wonten ing *skor pre-test* boten nedahaken beda ingkang *signifikan* ing kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa antawisipun *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*.

Saking andharan ing nginggil saged kadudut bilih kawontenan wiwitan kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa kalih *kelompok* menika sami. Salajengipun saben *kelompok* dipunparingi *perlakuan* miturut metode ingkang sampun dipunsamektakaken, inggih menika *metode make a mach* kangge kelas VIII A saha *metode picture and picture* kangge kelas VIII F.

*Metode make a match* saha *metode picture and picture* menika ancasipun kangge mbiyantu siswa nemtokaken seserepan kangge sinau *kelompok*. Anggenipun ngecakaken *metode make a match* kaiwitan saking *teknik*, inggih menika siswa



dipundhawuhi madosi pasanganipun kertu. Wondene kertu menika ngewrat wangsulan saha pitakenan. Lajeng, anggenipun ngecakaken *metode picture and picture* kawiwitan saking *teknik*, inggih menika siswa dipunparingi gambar. Gambar-gambar kasebut dipunurutaken kanthi urutan ingkang jangkep saha *logis* supados saged mujudaken gambar ingkang runtut. *Metode* pasinaon menika ngginakaken *media* gambar salebeting lampahing pasinaon. Sasampunipun kalih kelompok menika dipunwulang ngginakaken *metode make a match* saha *metode picture and picture*, lajeng dipunparingi tes ingkang pungkasan inggih menika *post-test*.

Saking *skor post-test* nedahaken bilih wonten beda ingkang *signifikan* antawisipun pasinaon ingkang ngginakaken *metode make a match* saha *metode picture and picture*. Biji *post-test* paling inggil wonten ing *kelompok metode make a match* inggih menika 90, biji paling andhap = 60, *mean* = 76.09, *median* = 75, *modus* = 80. Biji paling inggil *post-test* wonteng ing *kelompok metode picture and picture* inggih menika 85, biji paling andhap = 60, *mean* = 71.5, *median* = 70, *modus* = 70. *Skor post-test* paling inggil wonten ing *kelompok metode make a match* inggih menika 18, *skor* paling andhap = 12, *mean* = 15.21, *median* = 15, *modus* = 16. *Skor post-test* paling inggil wonten ing *kelompok metode picture and picture* inggih menika 17, *skor* paling andhap = 12, *mean* = 14.3, *median* = 14, *modus* = 14.

Bedanipun menika ugi saged dipuntingali saking asiling *uji-t* biji *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture* kanthi komputre program SPSS 16,  $t_{hitung} = 2.477$ ,  $df = 60$  ing taraf signifikansi 0.05, nilai  $P = 0.016$ . Kanthi makaten asiling *uji-t* ing biji *post-test* nedahaken wonten beda ingkang

*signifikan* kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa antawisipun *kelompok metode make a match* saha *kelompok metode picture and picture*.

## **2. Kefektifitas Metode Make a Match saha Metode Picture and Picture tumrap Kaprigelan Maos Waosan Sinemat mawi Aksara Jawa**

Panaliten menika nandingaken *metode make a match* saha *metode picture and picture* tumrap kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa. Saking kalih *metode* menika pundi ingkang langkung *efektif*. *Metode pasinaon make a match* utawi madosi pasanganipun inggih menika siswa madosi pasanganipun sinambi sinau *konsep* utawi *topik* kanthi cara ingkang ngremenaken. *Metode picture and picture* inggih menika salah satunggaling *metode pasinaon* ingkang ngginakaken pirantos gambar. Gambar-gambar kasebut dipunurutaken kanthi urutan ingkang jangkep saha *logis* supados saged mujudaken gambar ingkang runtut. *Metode pembelajaran* menika ngginakaken *media* gambar salebetipun lampahing pasinaon.

Saking kalih kelompok menika lajeng dipunbedakaken *metode* pundi ingkang langkung *efektif* dipunginakaken wonten ing pasinaon maos waosan sinerat mawi aksara Jawa siswa Kelas VIII SMP N 3 Godean. Anggenipun mangretosi *metode* pundi ingkang langkung *efektif*, panaliten mbedakaken *data pre-test* saha *post-test* saking *metode make a match* saha *picture and picture*.

*Metode make a match* ing pasinaon kaprigelan maos waosan mawi aksara Jawa langkung *efektif* tinimbang *metode picture and picture*. Saged dipunbuktekaken saking asiling *uji-t* ing biji *pre-test* saha *post-test kelompok metode make a match* ngginakaken komputer program SPSS 16.  $T_{hitung} = 9.105$ ,  $df = 31$  taraf signifikansi 5%. Nilai  $P = 0.000$ , nilai  $P$  nedahaken langkung alit saking taraf signifikansi 0.05 ( $P = 0.000 < 0.05$ ).

Saking asiling *uji-t* ing biji *pre-test* saha *post-test* kelompok metode *picture and picture* nedahaken  $t_{hitung} = 5.083$ ,  $df = 29$  taraf signifikansi 5%. Nilai  $P = 0.000$ , nilai  $P$  nedahaken langkung alit saking taraf signifikansi 0.05 ( $P = 0.000 < 0.05$ ). Asilipun *uji-t* ing biji *pre-test* saha *post-test* nedahaken wonten bedanipun. Kanthi makaten asil *uji-t* menika nedahaken bilih metode *make a match* langkung efektif tinimbang metode *picture and picture* kangge sinau maos waosan sinerat mawi aksara Jawa tumrap siswa kelas VIII SMP N 3 Godean.

#### **D. Kakirangan Panaliten**

Wonten panaliten menika taksih kathah kakiranganipun, satemah ndadosaken asiling panaliten menika kirang *maskimal* utawi jangkep. Wondene kakiranganipun panaliten menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Panaliti menika minangka panaliti ingkang *pemula*, satemah panaliten menika taksih kirang sampurna.
2. Jumlah soal *pre-test* saha *post-test* boten sami, ananging nggadhahi bobot ingkang sami.
3. Materi tes wonten ing soal perlakuan boten sami kaliyan materi *pre-test* saha *post-test*, ananging nggadhahi bobot ingkang sami.
4. Siswa-siswinipun taksih kirang greget nalika nggarap soal-soal saking *instrumen* panaliten ingkang dipunparingaken, amargi para siswa gadhah pamanggih bilih biji sakini tes menika boten badhe ndayani ing biji rapot.
5. Wontenipun pirembagan antawisipun kelompok metode *make a match* saha kelompok metode *picture and picture* ingkang ndadosaken siswanipun saged ngrembag materi ingkang sampun dipunwulangaken saderengipun.

## **BAB V**

### **PANUTUP**

#### **A. DUDUTAN**

Adhedhasar asiling panaliten ingkang sampun kalampahan saged kapendhet dudutanipun. Wondene dudutanipun kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Asiling *uji-t* biji *post-test* kelompok metode *make a match* saha kelompok metode *picture and picture*. Asiling *uji-t* biji *post-test* kapanggihaken angkanipun  $t_{hitung} = 2.477$ , mawi  $df = 60$ ,  $P = 0.016$ . Angkanipun  $P$  menika langkung alit saking taraf *signifikansi* 5%, pramila saged kadudut bilih wonten beda ingkang *signifikan* antawisipun kelompok metode *make a match* kaliyan kelompok metode *picture and picture*.
2. Metode *make a match* langkung *efektif* dipunginakaken wonten ing wulangan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa tinimbang wulangan mawi metode *picture and picture*. Keefektifan metode *make a match* saged dipuntingali saking asiling *uji-t* data *pre-test* saha *post-test* kelompok metode *make a match*. Asiling *uji-t* data *pre-test* saha *post-test* kelompok metode *make a match* kapanggihaken  $t_{hitung} = 9.105$  mawi  $df = 31$  saha  $P = 0.000$ . Asiling *uji-t* data *pre-test* saha *post-test* kelompok *picture and picture* kapanggihaken  $t_{hitung} = 5.083$  mawi  $df = 29$  saha  $P = 0.00$ . Angkanipun  $P$  langkung alit tinimbang taraf *signifikansi* 5%.

#### **B. IMPLIKASI**

Panaliten menika nedahaken bilih pasinaon maos waosan sinerat mawi aksara Jawa kanthi ngginakaken metode *make a match* langkung *efektif* tinimbang

pasinaon maos waosan sinerat mawi aksara Jawa kanthi ngginakaken *metode picture and picture*. Pramila, panganggenipun *metode make a match* kangge ngindhakaken kaprigelan maos waosan sinerat mawi aksara Jawa gadhah *potensi* kangge dipuncakaken wonteng pamulangan ing sekolah.

### **C. PAMRAYOGI**

Adhedhasar dudutan saha *implikasi* panaliten ing nginggil, pramila nuwuhaken pamrayogi ingkang saged dipunginakaken. Wondene, pamrayoginipun kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Guru saged ngginakaken *metode* pamulangan menika kangge pasinaon ingkang jumbuh kaliyan ancasing pasinaon,
2. panaliti sanesipun saged ngginakaken *metode* menika kangge panaliten *eksperimen* wonten ing pamulangan sanesipun,
3. Siswa saged ngginakaken *metode* menika kangge sinau *kelompok* ing griya.

## KAPUSTAKAN

- Asmani, Jamal M. 2011. *Tujuh Tips Aplikasi PAKEM*. Yogyakarta: Diva Press.
- Darmiyati-Zuchdi. 2008. *Strategi Meningkatkan Kemampuan Membaca*. Yogyakarta: UNY Press.
- Djamarah, Saiful Bahri. 2006. *Strategi Belajar Mengajar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Djiwandono, Soenardi. 1996. *Tes Bahasa dan Pengajaran*. Bandung: ITB.
- Hamalik, Oemar. 2009. *Dasar-dasar Pengembangan Kurikulum*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Harjasujana dan Mulyati. 1997. *Membaca 2*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Ingewati, Clara. 2014. "100 Kata Mutiara motivasi Pendidikan Terbaik", <http://mutiarabijaksana.com/20/14/04/01/kata-mutiara-pendidikan/2/>. Diunduh pada tanggal 12 Januari 2015.
- Lie, Anita. 2010. *Cooperative Learning Mempraktikan Cooperative Learning di Ruang-Ruang Kelas*. Jakarta: Grasindo.
- Masidjo. 1995. *Penilaian Pencapaian Hasil Belajar Siswa di Sekolah*. Yogyakarta: Kanisius.
- Nurhadi. 2005. *Membaca Cepat dan Efektif*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2012. *Statistik Terapan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmosoekotjo, S. 1989. *Wewaton Penulise Basa Jawa nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti.
- Prastiti, Sri. 2007. *Papan Kuliah Membaca 1*. Semarang: FBSJ.
- Rachman, Maman. 1993. *Strategi dan Langkah-langkah Penelitian Pendidikan*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Rahim, Farida. 2005. *Pengajaran Membaca di Sekolah Dasar*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Sardiman, A. M. 2010. *Interaksi dan Motifasi Belajar Mengajar*. Jakarta: Rajawali Press.

- Slamento. 2010. *Belajar & Faktor-Faktor yang Mempengaruhinya*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Somadayo, Samsu. 2011. *Strategi dan Teknik Pembelajaran Membaca*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Sudjana, Nana dan Ibrahim. 2009. *Penelitian dan Penelitian Pendidikan*. Bandung: Alfabeta.
- Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung: Alfabeta.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Suharsimi-Arikunto. 2010. *Prosedur Penelitian suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Suharsimi-Arikunto. 2002. *Dasar-Dasar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Suprijono, Agus. 2010. *Cooperative Learning Teori dan Aplikasi PAIKEM*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Membaca sebagai suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Wikipedia. 2013. "Metode". <http://id.m.wikipedia.org/wiki/Metode>. Diunduh pada tanggal 20 Maret 2014.

# ***LAMPIRAN 1***

## ***VALIDITAS SAHA RELIABILITAS INSTRUMEN***



MicroCAT (tm) Testing System  
 Copyright (c) 1982, 1984, 1986, 1988 by Assessment Systems Corporation

Item and Test Analysis Program -- ITEMAN (tm) Version 3.00

Item analysis for data from file ITEMAN.TXT

Page 1

Seq. No.	Scale -Item	Item Statistics			Alternative Statistics				
		Prop. Correct	Biser.	Point Biser.	Alt.	Prop. Endorsing	Biser.	Point Biser.	Key
1	0-1	0.611	0.300	0.236	A	0.250	-0.120	-0.088	
					B	0.611	0.300	0.236	*
